**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ГУМАНИТАР ФАКУЛЬТЕТИ**

**«Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан тарийхы» кафедрасы**

# Әмир Темур мәмлекети ҳәм Қубла Арал бойлары

( 5220200 Бакалавр бағдары тарийх  қәнигелиги студентлери ушын)
қәнийгелик пәнинен

# ЛЕКЦИЯ ТЕКСТЛЕРИ

**НӨКИС-2006 ж.**

**Лекция текстлерин дүзиўши: тарийх илимлериниң кандидаты доц.Ж.Ҳәкимниязов**

**Пикирбилдириўшилер:**

**т.и.д.проф.Б.Кощанов,т.и.к.доц.Ж.Бердиев**

**“Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан тарийхы”** кафедрасы мәжилисиниң

__________2006 ж ____баянламасы менен тастыйықлаўға усынылды

Кафедра баслығы: доцент М.Сейтимбетов

**Гуманитар факультетиниң оқыў-методикалық кеңеси мәжилисиниң**
**_______________** 2006 ж._____ баянламасы менен тастыйықлаўға усынылды

**Декан _____________________________доцент. Ж.Ҳәкимниязов**

**Университеттиң оқыў-методикалық кеңеси мәжилисиниң**
______________________2006 ж._____ баянламасы менен тастыйықланды

**Кеңес баслығы _______________ доцент. Ж.Ҳәкимниязов**

**Әмир Темур мәмлекети ҳәм Қубла Арал бойлары курсынан өтилетуғын сабақ бөлистирилиўи.**

| | Тема | лекция | семинар |
|---|---|---|---|
| 1 | Кирисиў | 2 | 2 |
| 2 | XIV әсирдиң екинши ярымында Маўараўыннахыр ҳәм Қубла Арал бойлары. | 4 | 6 |
| 3 | Әмир Темур мәмлекетиниң дүзилиўи ҳәм әскерий атланыслары. | 4 | 4 |
| 4 | Әмир Темурдың Қубла Арал бойларына жүрислери. | 4 | 2 |
| 5 | Әмир Темур мәмлекетиниң ишки сиясаты. | 4 | 4 |
| 6 | Әмир Темур мәмлекетиниң сыртқы сиясаты. | 4 | 4 |
| 7 | Әмир Темур дәўиринде Маўараўыннахыр ҳәмде Қубла Арал бойларындағы мәдeният. | 2 | 2 |
| 8 | Әмир Темур ҳәм Темурийлер мәмлекетинде илим, пән ҳәм билимлендириў. | 2 | 2 |
| 9 | Әмир Темурдың Дүнья тарийхында тутқан орны ҳәм роли. | 2 | 2 |
| | | 30 саат | 30 саат |
| | | 60 саат | |

**Кирисиў**

**1. Әмир Темур мәмлекети ҳәм Қубла Арал бойлары тарийхы пәнин үйрениўдиң әҳмийети.**

Мәмлекетимиз ғәрезсизликке ерискеннен кейин Әмир Темур шахси және Ўатан ҳәм миллет тымсалына айланды. Ғәрезсизлигимиздиң ҳәр бир жылында, мәмлекетимиздиң ҳәр бир адымында оның руўхы бизге яр болып бармақта. Уллы шахсларды тарийх жаратады, делинеди.Буған қосымша уллы шахсларды миллет қайғысы, халық дәрти жаратады. Буған Сақыпқыран бабамыздың өмирин мысал етип көриўимизге болады. Өмириниң мазмунының "Миллеттиң дәртине дәрман болыўдан ибарат"-

деп билген Әмир Темур халқымыздың әне сондай ардақлы, уллы перзенти.Оның дәуиринде қурылған көркем имаратлар, гөззал бағлар буның әмелий сыпаты болып есапланады.

Әмир Темурдың уллы хызметкерлериниң бири сонда, ол елдеги қыйын тарийхый жағдайда халықты бирлестире билди. Басқыншыларға соққы берип, Туркистан замининде орайласқан қүдиретли мәмлекет дүзди.

Әдалат күште емес-күш әдалаттадүр,-деген сөзи Әмир Темур мәмлекетиниң бәрше жеринде тендей әмелге асырылып, әдеплилик-руўхый тийкарға айланды.

Президентимиз И.Каримов Самарқанд қаласында Әмир Темурдың ҳәйкелиниң ашылыў мәресиминде (1996 жыл 18 октябрь) сөйлеген сөзинде "Әмир Темурды улуғлаў- тарийх болып өтмиште тамыр урған тарийхымызға, мәдениятымызға, қүдиретимизге тийкарланып, уллы келешегимизге исенимди беккемлеў демек",-деген еди.

**2. Әмир Темур мәмлекети ҳәм Қубла Арал бойлары арнаўлы курсының теориялық ҳәм методологиялық тийкарлары.**

Ғәрезсизлик дәўири шын мәнисинде ҳәзирети Темурдың қайта туўылыў дәўири болды. Әмир Темурға болған қатнас, оның тарийхый хызметин мүнәсип баҳалаў ҳәм ҳүрмет иззетин орнына қойыўда президент И.Каримовтың өзи басламашы болды.

Сақыпқыранның уллылығын танытыў ушын ол пүткил мүмкиншилигин иске салды. Буны президент И.Каримов төмендегише түсиндирди.

Бриришниден, Әмир Темур қәдирияты колониялық жылында санамыздан өширип тасланған миллий сезимлеримизди қайта тиклеў, миллетти миллет, мәмлекетти мәмлекет етиў ушын әҳмийетли орын тутады. Сақыпқыранның "Биз ким мүлки Туран, Әмири Түркистанбыз. Биз ким миллетлердиң ең қәдимги ҳәм ең улылысы-түрктиң бас бууынымыз", деген сөзлери халқымызға миллий өзлигин, уллы ҳәм пүткил дүнья жүзлик дәстүрлерге мийрасхор екенлигин терең түсиниўге хызмет етеди.

Екиншиден, халқымыздың миллий мақтанышын миллий санасын раўажландырыў ушын умытылып кеткен дерлик тарийхымызды қайта тиклеў лазым. Ал, Әмир Темур мине усы, ески тарийхтың уллы шыңы болып есапланады.

Үшиншиден, Әмир Темурдың хызметин өз орнына қойыў перзентлеримизди, келешек әўладты уллы бабаларымыздың аты ҳәм мийрасы менен мақтаныўға үйретиў, оларды мине усы уллы дәстүрлердиң мүнәсип даўам еттириўшилери етип тәрбиялаў, миллий мақтанышты көтериў ушын керек.

Төртиншиден, Әмир Темур қәдирияты бизге демократиялық, ҳуқуқый, қүдретли Өзбекистан мәмлекетин орнатыў ушын, "Өзбекистан-келешеги уллы мәмлекет" деген идеяны шынлыққа шығарыў ушын керек.

Бесиншиден Әмир Темур елимиздиң жер жүзлик шерикликтен мүнәсип орын ийелеўи, келешек аўладларға азат ҳәм абад ўатан қалдырыў ушын керек.

Елимиздиң районлары, хожалықлары, гөззал көшелерине бабамыз Әмир Темур аты берилди. Ташкент қаласының орайында Әмир Темур қыябаны дөретилди. 1993 жылы усы қыябанның ортасында Сақыпқыран Әмир Темур атлы әскер естелиги орнатылды. Әмир Темурдың хызметине тийисли түрли әдебиятларды басып шығарыўға кирисилди. "Темур түзиклери" басып шығарылды.

"Әмир Темур түзиклерин оқысам,-деген еди президент И.Каримов,- тап бүгинги заманның үлкен-үлкен машқлаларына жууап тапқандай боламан".

Өзбекистан Республикасы Министирлер Кабинетиниң 1994 жыл 29 декабрьдеги "Әмир Темур туўлған күниниң 660 жыллығын белгилеў ҳаққында"ғы қарары, президенттиң 1996 жылды Әмир Темур жылы деп жариялаў ҳаққындағы 1995 жыл декабрьдеги пәрманы Әмир Темур қәдириятын тиклеўде айрықша әҳмийетке ийе болды.

**3. Әмир Темур мәмлекети ҳәм Қубла Арал бойлары тарийхын үйрениўдиң дереклери.**

Әмир Темур ҳәм оның дәўири ҳаққында жазба дереклер көплеп ушырасады. Мәселен тарийхшы Шарафатдин Әли Яздиниң "Зафарнома", Низомуддин Шомийдиң "Зафарнома", Ҳофизи Абрундиң "Зубрат ат-таварих", Фасиҳ Ахмад Хавафийдиң "Мутмали Фасиҳий", Абдураззоқ Самарқандийниң "Матло ас-саъдайн", Ибн Арабшақтың мийнетлеринде Әмир Темурдың жүрислери ҳәм Қоңыратлы суўпылар менен өз-ара сиясий қатнаслары ҳаққында айтылады. Тарийхшы Ибн Арабшахтың "Әмир Темур

тарийхына“ арналған мийнетинде Әмир Темур Хорезм жерлерин өзине қосып аллыўға ҳәрекет еткен.

Шарафатдин Али Яздий Иранның Язд қаласы жақынындағы Тафт аўылында дүньяға келди. Ол тарийхшы болыўдан тысқары философия, әдебият ҳәм суфизмге тийисли шығармалар жазған. Бирақ тарийхта, тийкарынан, “Зафарнома“ шығармасы атақлы болып қалды.

“Зафарнома“ ның жазылыў тарийхы Шахрухтың улы, Парыс елиниң ҳүкимдары Иброхим Султан (вафоти 1435) аты менен байланыслы. Шахзада бабасы Әмир Темур ҳаққында тарийхый шығарма жазып қалдырмақшы болды. Түркстанның уллы перзенти Амир Темур мәмлекети ҳәм әскерий атланысларына бағышланған әдебиятлар жүдә көп. XIV-XV әсирлердеги тарийхый шығармалар арасында Шарафуддин Али Яздийге тийисли ″Зафарнома″ айрықща орын ийелейди. Яздий Темурдың өмириниң сонғы жылларында оның бас девонында хызметте болып, Темурдың Киши Азия еллерине болған атланысларына қатнасқан. Яздийдиң ″Зафарнома″ шығармасы 1437 ж. жазып тамамланған.

Бул жумысты тарийхшы Шарафаддин Али Яздийге тапсырады. Ол дәслеп, өз дәўиринде Темурға бағышлап жазылған барлық шығармаларды жыйнаўға кириседи.

Мағлуўматларды топлап болғаннан соң, Али Язди оларды көркемлестирип, парсы тилинде китап халына келтирген. Шығарманың “Кирисиў“ бөлиминде жумысқа 1419 жылы кирисилгени жазылған.

Әмир Темур ҳәм оның аўладлары ҳаққында мағлумат бериўши және бир дерек бул Ҳофиз Абрудың “Зуддат ат-таворих“ шығармасы.

Хиратлы тарийхшы Шахобиддин Абдуллаҳ Ибн Лутфуллаҳ Ибн Абдурашид (лаҳабы Хофизий Абру, қайтыс болған жылы 1427 жыл) дәслеп Әмир Темур хызметиндде болып, соң Шахрух сарайында белгили тарийхшы болған.

Хофиз Абру өз шықармаларында Әмир Темур жүрислери, Әмир Темур шежиреси ҳәмде илимпазларға үлкен итибары ҳаққындағы мағлуматлар берилген. Низомиддин Шомий (туўлған жылы анық емес (1404-1409 жыл) аралығында қайтыс болған) 1383 жылдан баслап Әмир Темур хызметинде болған. Басқа шығармалары болса-да, оны атақлы қылған “Зафарнома“ шығармасы болды. “Зафарнома“ 1404 жылы тамамланған болып, оны жазыў идеясы Әмир Темурдан шыққан. 1404 жылы Әмир Темур Азербайжан урысынан қайтқаннан соң Низомиддин Шомий шығарманы оған усынады.

Шомий шығарманы жазыўда Әмир Темур хызметинде болған битикшилер тәрепинен дүзилген есабатлар ҳүжжетлерге бойсынған.
Темур ҳәм темурийлер дәўирине байланыслы әҳмийетли шығармалардың бири Кастилия (Испания) королы Генрих III тиң елшиси Руи Гонсалес де Клавихоның 1403-1404-жыллары Амир Темур мәмлекетинде болған дәўирдеги жазылған күнделик дәптери болып есапланады. Бунда Амир Темур қол астындағы мәмлекетлер ҳәм қалалардың улыўма аўҳалы, халқының күн кеширийи, темурийлер тусында салынған қурылыслар, саўда ҳәм елшилик байланыслар ҳаққында мағлыўматлар келтирилген. Буннан басқа да Шығыс ҳәм Европа еллеринде Темур ҳәм темурийлер тарийхына байланыслы көплеген мийнетлер жәрияланды.

Ал, совет дәўиридеги тарийхый мийнетлерде Темурға ҳәм оның тарийхта тутқан орнына унамсыз баҳа берилди. Оны өзиниң улысы Мавереннахр ҳаққында ғамхорлық еткен, ал басқа халықларды тонаған ҳәм қыйратқан екинши Шыңғысхан, әскерий сәркарда ҳәм дипломат деп есаплады. Усы дәўирде Темурды илимий, объектив үйрениў, оның хызметине дурыс баҳа бериў мәселесин көтерип шыққан алымлардан философия илимлериниң докторы Ибрахам Муминов болды. 1968ж "Фан" баспасында И.Муминовтың "Амир Темурнинг Ўрта Осие тарихида тутган ўрни ва роли" китабы жәрияланды. Бул сол жағдайда өз дәўири ушын үлкен мәртлик болды.

## Тема: XIV әсирдиң екинши ярымында Маўараўыннахыр ҳәм Қубла Арал бойлары (Хорезм)

**1. XIV әсирдиң екинши ярымында Мавереннахырдағы сиясий аўҳал ҳәм сарбадорлар ҳәрекети.**

XIV әсирдиң 50-60 жылларында Мавереннахырда феодаллық пытыраңқылық жүдә күшейип, класслық гүрес тағыда кескинлеседи. Мәмлекеттеги ҳәр бир ўалаят өз алдына ҳәким жүргизиўге бет барып, олардың арасында жәнжел күшейеди ҳәм қанлы урысқа айланады. Бул дәўирде мәмлекеттиң жоқлығы, оның сиясий жақтан майдаланып кеткенлиги орта әсир тарийхшыларынан Ғиясуддин Хандамир өзиниң “Хабиб ус-сияр“ деген шығармасында төмендегише тәрийплейди: “Әмирзада Абдулла бинни Әмир қазаған (1346-1358) өлгеннен соң Туркистан аўалынан өз басынан кетиўшилик жол таўып ҳәр шәҳәрде ғәрезсиз шаҳ болыўға умтылыўлар келип шықты. Ҳәр бир сарайда ар-уятсыз мәмлекет ығбал ҳаўасы менен қозғалыўға аяқ басты. Әмир Баян Сулдуз Самарқантта ишкиликке, айшу-ишкиретке берилди. Әмир Хожы Барлос

Кеш шәҳәринде ҳүкимет байрағын көтерди, Әмир Баязид Жалайыр Хожантта мәмлекет тахтына отырды. Ол Жайту Сулдуз Бахта мәмлекетке ҳүкимдар болды. Мухаммед Хожа Яздий Шиберзанда өзи бирден-бир ҳәким деп ойлады. Бадахшан шахы ол Кахистанға бахыт кәмарын белине байлап, басқаларға сыйыныўдан бас тартты Әмир Хусейин бинни Әмир Мила бинни Әмир Қазаған ҳәм Әмир Ҳазр Ясаўирий Хисарий Шадман шегарасында әскер топлапҳәр ўақытта ўалаятларға топылып туратуғын еди. Сиясий пытыраңқылық өз-ара урыс-жәнжеллер экономикалық қыйыншылықларға себеп болып мәмлекеттиң халқын әсиресе дийҳанлардың хожалғының бөлиниўине алып келди. XIV әсирдиң 60 жылларында Жочи Әўладлары арасында власть ушун сиясий гүрес ҳәўиж алды. 1357 жылы Жәнибек ҳәм 1359 жылы Бердибек ханлардың сырлы өнимлеринен кейин өз-ара феодаллық урыслар күшейди. Бул ўақытлары Алтын Орда сиясий жақтан ҳәлсирейди.

**2. XIV әсирдиң екинши ярымында Қубла Арал бойындағы сиясий аўҳал.**

Хорезмде ярым ғәрезсиз, Қоңырат суфыларының династиясы тарийхый аренаға шықты. Усы дәўирден баслап Хорезмде Алтын Орда ханларының аты жазылған тийин шығарыў тоқтатылды. Соңғы рет 1361 жылы Үргенчте Хызыр ханның атынан ақша бирлиги саўдада пайдаланды. Соң 20 жылдан кейин, Түслик Арал бойларына Тоқтамысхан жүрислеринен баслап (1380ж) Хорезмде ўақытша, оның аты мене тийин пайда боды.

1360-1370 жыллары жаңа ононим манеталар шығарылды. Оларда ханлар аты дәслепки халийлар Абу Бакр, Омар, Осман, Али атлары менен қатар “патшалық қудайдан“ мәнисиндеги диний формула менен аўмасты. Бул орайласқан Алтын Орда сиясатын мойынламаў деген түсиникке алып

келеди. Бундай ақша сиясатын шығарыў 1360-1361, 1370-1371 жж. туўра келеди. Бул жағдайда М.Е Массон (1897-1986) Хорезмде ғәрезсиз Қоңырат суфидлары династиясының пайда болыўы менен байланыстырады. Оның пикирин Г.А.Феодоров-Давыдов, Б.И.Войнберг қоллай отырып "Ярым ғәрезсиз" династия пайда болғанлығын айтады. Жоқары келтирилген болжаўлар менен қатар нумизматикалық әдебиятларда "Қоңырат суфидлери" династиясын жочилер семьясына байланыслы деген пикир пайда болды. Буған биринши рет дыққат аўдарған белгили нумизмат С.А.Янина. Хорезмде табылған тийинлардың нумизамтикалық Әдебиятта жариялап, "Хорезмдеги орайласыў тенденциясы күшли болғанлығы сондай, *ҳәттеки 1382 ж. Үргенчтиң Темур тәрепинен қатты қыйратылғаннан кейин-ақ, қала азырақ қәддин тиклеп алыўдан Алтын Орданы мойынлайтуғынын маңғол ханларының атына жазылған тийинларды шығарыў менен жуўап береди",-деген пикирге келеди. Илимпаз өз болжаўн даўам етип, шғыыс авторлары, нумизматикалық мағлуматларға тийкарланып. "Қоңырат суфидлары династиясы ғәрезсиз өмир суфлиди"-деп жуўмақлайды. Көрип турғанымыздай "Ғәрезсиз Қоңырат суфидлериниң" қәлиплесиўи жөнинде тартыслы пикирлер бар. Жаңа "династияның" пайда болыўы сиясий өзгерислерге тығыз байланыслы болса керек. Хорезм ҳәм оның қалалрында жоқары класс ўәкиллери саўдагерлери, Әмир руўханийлардың үстемлиги жаңа сиясий экономикалық жеңилликлерди талап етиўге әкелди. Бундай жағдайда айырым Алтын Орда әмирлери орайласқан сиясатқа бағынбай, бөлшеклениў жолы менен пайда түсириўге урынды. Бундай урыныўлардың дәслепки белгилери Арал бойларында Алтын Орда ҳәкими Қутлуқ-Тимур ўақтында-ақ көринген еди. Бул гөне Үргенч минаретиндеги "қудиретли патшалар ғамқоршысы" деген сөзлер билинеди. Текст мазмуны XIV әсирдиң 40 жылларында-ақ Хорезм елатларының орайлық власттан бөлиниўге болған ҳәрекетин көрсетеди. Бундай ярым ғәрезсизлик ушын болған сиясий гүрес 50 жыл Қутлуқ-Тимур тәрепинен Хорезмде сияисй автономия деп жариялаўы болды. Алтын Ордадан автономиялық бөлиниўге урыныў XIV әсир 60-70 жылларында күшейди. Бул дәўирлерге жаңа ононим ақша бирликлериниң шығарыў толқыны сезиледи.

Бундай ононим белгилерди шығарыў 1380-жылға дейин даўам етти.

**3. Амир Темурдық сиясий искерлигиниң басланыўы.**

Тимур 1336 жылы Кеш (Шаҳрисабз) шәҳәрине жақын жерде жайласқан Хожайғар аўылында дүньяға келеди. Оның әкеси Амир Торағай (Торғай) ҳәм аталас ағасы Әмир Хожа Барлас қәўиминиң бийлери ҳәм ири мал-мүликли әмирлерден еди. Тимур жаслық шағынан-ақ әскерий иске оғада

қызықсынатуғын еди. Ол тез арада шебер шабандоз ҳәм мәрт жаўынгер сыпатында пүткил Қашқадәрья ойпатында танылды. Оның қасына барлос қәўиминен шыққан жаўынгер жас топлана баслайды. Тимур өз нөкерлери менен айырым әмирлерге хызмет етеди, саўашында шынығады.

1360-1361 жылларында Манғолыстанның ханы Туәлуң Темур Маўараўыннахырдағы аўыр сиясий жағдайдан пайдаланып, бул елди бойсындырыўға ҳәрекет етеди. Ол ҳеш қандай қарсылықсыз Қашқадәрья ойпатына бастырып киреди. Сол ўақытларда Қашқадәрья ўалаятының ҳәкими болып турған Әмир ҳожы барлос дууушпанға қарсы гүрес жүргизиў орнына Хорасанға қарай қашады.

Тимур аталас ағасының мәмлекетин қолдан бериў мақсетинде туғлуқ Тимурдың мәмлекетине өтип, Кеш ўадаятына Әмир болып тайынланыўға ериседи. Маңғолыстанның ханының уллы Илясхожаны Маўараўыннахырдың ҳәкими етип жибереди. Бирақ Тимур оған хызмет қылғысы келмейди. Ол Маўараўыннахыр әмирлигинң бири Хусейин менен аўҳам дүзеди. Тимур Хсуейинниң қарындасы Олжаой Турқан Ағаға үйленгеннен кейин олардың аўқамы туўсқанлық байланыс себепли тағыда беккемленеди. Темур дәслеп өз басына кетип жүрген әмирлерге қарсы ишки, соңынан маңғолларға қарсы гүрес алп барады. Сейстандағы саўашларда қолы ҳәм аяғы жарақатланып, өмир бойы ақсақ болып қалады. 1363 жылы Әмиўдәрьяның шеп жағасында Қундыз қаласының қасында маңғоллар менен ең дәслепки саўаш болады. Бул саўашта Тимур жеңиске ериседи. Әне соннан кейин ол тоқтаўсыз рәўиште маңғоллардың изине түсип алады. Дурыс, олар Маўараўыннахырды апаңсат ғана қолдан бергиси келмейтуғын еди. Туғлуқ Тимур өлгеннен кейин Маўараўыннахырдан қуўылған Илясхожа 1365 жылы үлкен офлисеси мене Сырдарьяға қарай атланды. Хусейн менен Тимур саўашқа таярлады. Еки тәрептиң арасындағы саўаш Чиназ бенен Ташкенттиң орталығында болады. Бул саўаш тарийхта “Жанги Лой“ (“ылайдағы саўаш“) деген ат пенен белгили. Саўашта Темур менен Хусейн бир-бири менен байланыста келисип ҳәрекет етпегенликтен олардың бирлескен армиясы жеңиске ушырайды. Себеби саўашта Темурдың әскерлери жеңимпазлақ көрсетип душпанлар басқа таба баслаған бир ўақытта Хусейн өз әскерлери менен саўаш майданын таслап кетеди. Сонлықтан Темур шегиниўге мәжбүр болады. Темурдың тийкарғы тирениши оның әскерлери болды.. Әскерий тарийх Темурды орта әсирлик Азияда ең ири әскерий саркарда деп есаплайды. Оның әскерий таланты еки бағдарда, әскерий бөлимлерди қайта дузиўде, әскер басшы сыпатында айқын көзге түсти.Темурдың армиясы онлық, жүзлик, мыңлық бөлимлерден ибарат

болып, олардың ҳәр қайсысына тийисли әскерий баслықлар тайынланды. Оның атақлы әскер басшыларынан Амир Хожа Сайфиддин, Шайх Али Бахоудин Бартхужа, Амир Довуд Барлос ҳ.б. хызмет етти.

Темур мәмлекетин дузиў ушын алып барылған үлкен саўашларда Темурдың уллары-Жахангир, Умаршейх, Мираншах, Шахрух, ақлықлары Мухаммад Султан Пирмухаммадлар да әмир әскерлерине басшылық етти. Жахангирдиң улы Мухаммад султан Амир Темурдың ең суйикли ақлығы болып, әкеси Жахангирдиң өлиминен соң Темурдың мийрасхоры етип белгиленген еди.

Темурдың орта әсирдиң атақлы мәмлекетлик әскер ҳәм әскерий сәркарда болғанлығын "Темур тузуклеринен" де айқын көринеди. бул шығармада оның жәмийетке, жәмийетлик сиясий турмысқа көз-қарасы, бирлескен кудиретли феодаллық мәмлекеттиң сиясий ҳәм әдет-икрамлық принциплери сәўлеленген.

Әмир Темур орайласқан мәмлекет дүзиўге умтылды. Ол Әмудәрья ҳәм Сырдәрья аралығындағы жерлерди, сондай-ақ Ферғана ҳәм Шаш ўалаятларын тез бирлестириўге еристи.

Арқа Хорезм Алтын Орда қурамына, ал Қубла Хорезм Чагатай улысына қараслы еди. 1359 жылғы Алтын Ордадағы қозғаланлардан пайдаланып Хорезм ғәрезсизликке ериседи ҳәм оны қонырат қәўимлеринен Суўпылар династиясы басқара баслады. Хусейин суўпы Хорезмди бирлестириўге урынып Қят пенен Хийўаны басып алды.

1372 жылы Темур Хусейн суўпыдан Қубла Хорезм ўалаяты ҳәм қалаларды қайтарыўда талап етеди, кейин әскерлер менен келип өзи қайтарып алады.

Усы жылы Хусейин олгеннен соң, иниси Юсуф Суфы Қятты басып алды. 1373-1374 жыллары Темур Хорезмге екинши мәртебе жүрис қылады. Усы еки атланыстың нәтийжесинде Хорезм Темур мәмлекетиниң қурамына кирди. Кейин Алтын Орда ханы Тоқтамыстың Хорезмге даўагер болыўы себепли Темур Хорезмге жәнe үш мәртебе атланыс шөлкемлестирди.

## Тема. Амир Тимур мәмлекетиниң дүзилиўи ҳәм әскерий атланыслары

### 1. Амир Тимурдың Мавереннахрды бирлестириў ушын ҳәрекетлери. Ҳәкимият басына келиўи.

XIV әсирдиң 60 жылларында Мавеpенахрда сиясий ҳәм экономикалық жағдай оғада аўырласып кетеди. Феодаллық пытыраңқылықтың күшейиўи ишки өз-ара урыслардың үзликсиз даўам етиўи ҳәм сыртқы душпан ҳүжимлериниң ҳәўеж алыўына байланыслы дийқаншылық, өнерментшилик

ҳәм саўда сатиқ ислер ҳәлсиреп халық аўыр қыйыншылықларды бастан кеширип атырған еди. Буған саўдагерлик, өнерментшилер ҳәм диййқанлар оғада наразы еди. Халықтың бундай қатламларының арасында усындай аўыр аўҳалдан қутылыў, мймлекетти бирлестириў ҳәм басқа күшли мәмлекет дүзиў ҳәрекети барған сайын күшейди. Хусейннен гөре Темур өз заманының бул талапларын жақсырақ түсинетуғын еди. Соның ушын ол өз хызметиниң дәслерки басқышында барлық ҳәрекетти Маўараўынахырда орайласқан ғәрезсиз мәмлекет дүзиўге қаратады. Бундай мәҳсетти әмелге асырыўда ол руўханыйлар менен бирге шәҳәрдиң саўдагер ҳәм өнерментши қатламларына арқа сүйейди. Бул бағдардағы әмелий исти ол Балх шәҳәринде жайласып алған қарсыласы Хусейнге қарсы атланыўдан баслайды. 1370 жылы Темур жақсы қуралланған әскери менен Балхты қоршап алады ҳәм үлкен зыянлар келтирип шәҳәрди ийелейди. Маўараўыннахырдың ҳүкимдары Әмир Хусейн өлтириледи. Бул ўақыя соң мәмлекетте Темурдың позииясы күшейеди. Себеби, енди Маўараўыннахырда оның күшли қарсыласы жоқ еди. Сол жылы Балхта әскер басшыларының бас қосқан қурылтаўында Темурдың ҳүкимдарлығы рәсмий түрде мойынланады. Дереклерде терийп етилиўине қарағанда қурылтаўда әййемги Шағатай ханлығының итибарлы әмирлери, Темурдың жаслық гезинде қуралласлары ҳәм оның бурынғы душпанлары қатнасқан еди. Олардың арасында Әмир Шаих Мухаммед Баян Сулдуз, Әмир Олжайтў, Әмир Кайхысраў Ҳутталаний, Әмир Даўд дуәлат, Әмир Сарбуға жалайыр, Әмир Жоку барлос, Әмир Зинда Чашм ҳәм басқада белгили ҳәкимлер бар еди. Херман Бомберидиң жазыўына қароағанда Темур әййемги турк дәстүри бойынша кийиздиң үстине отырғызады ҳәм жоқары көтериледи. Темурдың пири Сайид Барака пәтия бергеннен кейин ол Маўараўыннахырдың ийеси-әмири деп дағазаланады.

Әмир Темур әўеле Әмиўдәрья менен Сырдәрья аралығындағы жерлерди, сондай-ақ Фарғана ҳәм Шашты бирлестирип өзине босындырады. Темур өз мәмлекетин сиясий ҳәм экономикалық жақтан беккемлеўге кириседи.

**2. Амир Тимурдың әскерий атдланыслары үш жыллық әскерий жүрислери. Қундузша ҳәм Терек дәрьясы бойындағы саўаш.**

Алтын Орда ҳәм Ақ Ордадағы ўақияларды Темур диққат пенен күзетип барды. 1360-1380 жылларда Алтын Ордада Әмир Мамайды есапламағанда 25 хан алмасты.

Ақ Орда Алтын Ордадағы сиясий ҳәрекетлерге араласып турды. 1396 қолай жағдай жүзеге келди-Ақ Орданың өлтирилген өзбек Әмири улы Тоқтамыс Темур ҳүзирине келип, оған өз хызметин усынды. Ақ Орда тахты

ушын гүресте Темур Тохтамысқа еки мәрте әскер ҳәм басқа нәрселер менен жәрдем берген.

Бирақ Тохтамыс еки урыстада жеңилген. Соннан соң, Темурдың өзи Ақ Ордаға жүрис қылды ҳәм 1379 жылы Тоқтамыс тахтақа отырды. Бирақ ол Темурға тобе болмай, Алтын Орданы бирлестирди. Тохтамыс Кавказарты, Азарбайжан, Табризға жүрис қылды, Темур жоқлығынан пайдаланып, 1388 жыл Маўараўыннахырға ҳүжим қылып, Хорезм ҳүкимдары Сулайманды көтериўге шарлайды.

1389, 1391 ҳәм 1394-1395 жыллары Темур Тоқтамысқа қарсы үш мәрте жүрис қылды, сол арада Темур Иран, Кавказ, Россияның Қубла шегараларына жүрислер қылып турды. 1391 жылы Темур 200 мың кисилик армиясы менен ҳәзирги Қазақстан шөллерине жол алды. 18 июнь күни әзирги Самара ҳәм Чистополь қалалары аралығында Қундызша деген жерде Тоқтамысты талам-тараж қылды. Тоқтамыс 1395 жылы Арқа Кавказдағы Терек дәрьяси Оазисинде де жеңиске ушырайды. Соннан кейин Темур пайтахты Сарай Беркани басып алып талады. ҳәм от қойды, көплеп материаллық байлықларды қолға киргизди.

Астрахань, Кримдағы Кафа, Азов қалаларын басып алып, оларды қыйратады. Әсиресе Сарай Беркеге от береди, шәҳәрдеги барлық имаратлар бузып тасланады.

Алтын Орданың мәдений үлкелерин, соның ишинде оның орайлық Сарай Берке менен Ҳажытарханлардың Қарабаҳан аға айландырылыўының нәтийжесинде Қытайды жақын Шығыс мәмлекетлери менен байланыстырған саўда жолының Алтын Орда өткен арқа тармағы сапластырылады.

Россияның тарийхшылары Б.Л.Греков ҳәм А.Ю.Якубовскийлердиң итибарлары жуўмақларына қарағанда Темурдың Тоқтамыстың үсинги жеңиске ерисип Алтын Ордаға берген қыйратыўшы соққысы тек Орта Азия ушын ғана емес, бәлки пүткил Шығыс Европа, сондай-ақ Россия ушын да үлкен әҳмийетке ийе болды.

Буннан былай Темур өзиниң дыққаты толығы менен Иран, Арабистан, Киши Азия ҳәм Ҳиндистанды басып алыўға қаратады.

**3. Амир Тимурдың жети жыллық әскерий атланыслары. Анкара саўашы.**

Хорасан ҳәм Иранды жаўлап алыўды Темур Тоқтамысты жеңбестен бурын-ақ басланған еди. Форс жерлерин басып оларды Темур Иранда ҳүкимлик сүрген сиясий пытыраңқылықлардан пайдаланды. XIV әсирдиң екинши ярымында Иранда бирлескен бирден-бир мәмлекет жоқ еди. Азарбайжанда Жалайырлар мәмлекети (1336-1381), Сабзаварда Сарбадорда

мәмлекети (1337-1381), Ҳиратта қурдлар (1337-1387) ҳүкимлик сүрер еди. Хират шәҳәри 1381 жылы қатты саўагтан кейин жаўлап алынады. Темур шәҳәрдиң дийўалын ҳәм бекинислерин бузып таслайды. Хираттын белгилди уламалары менен алымларын Шахрисабизге жөнетеди.

Сол дәўирдиң илим, билимлендириў ҳәм көркем-өнер орайларынан есапланған Түс, Нышапур ҳәм Сабзавор шәҳәрлери саўашсыз бериледи.

Солай етип, пүткил Хорасан Темур қарамағына өтеди. Темурдың Иранға атланысы бнуң менен тамам болмады. Ол Иранға 1386 жылдан баслап “үш жыллық“, 1392 жылдан баслап “,бес жыллық“, ҳәм 1399 жылдан баслап “жети жыллық“атланыс жасайды.

1392 жылы Темур Астрабадты ҳәм Мазандаранды қолға киргизгеннен кейин қыян-кески саўашладан соң таўлы Иранның негизги қаласы Омүлды жаўлап алады. Соң Луристанды ҳәм Хузистанды басып алады.

1397 жылы Азербайжан Темурға толық бағындырылады.

1398 жылдың май айында Темур 90 мың әскер менен Әмиўдәрьядан өтип Ҳиндистанға қарай атланады. 1399 жылдың басларында Темур 25 мың әскер менен Делиге кирип барады. Темур 1400 жылдың жазында Сирияға атланыс жасайды. Ол дәслеп Халаб (Алиппо) ҳәм Бейрут шәҳәрлерин ийелеп, 1401 жылдың басларында бир айлық қамалдан соң  Дамашқты жаўлап алады. Өз дәўиринң жаўынгер атлылары ҳәм жаңа тәртипте дүзилген пияда әскерлери “Снигери“лепрден ибарат армияға ийе болған Османлы Турклер Султан Баязид (1389-1402) дәўиринде Киши Азияда күшли әскерий феодаллық мәмлекетке айланады.

Темур менен Баязид әскерлери арасындағы саўаш 1402 жылдың 28 июлинде басланады. Бул урыс тарийхта “Анкара саўашы“ деген ат пенен белигили себеби Анкараның түбинде жүз берген бул саўашта ҳәр еки тәрептен барлығы болып 400 мың әскер қатнасады. Бул тарийхый саўашта Темурдың уллы саркардалық қабылети ҳәм шеберлиги ҳәр тәреплеме толық көзге тасланады. Урыста Султан Баязидтиң армиясы пүткиллей қыйратылып өзи тутқынға алынады. Оның менен бирге қатыны Серб маликасы Оливера, уллары Муса ҳәм Иса чалабийлер де тутқынға алынады.

Темур Османлы Труклер мәмлекетин астын-үстин етип жоқ қылып жибериў нийетинде емес еди. Себеби атанақ атланысларының ақыбетлери, Европа мәмлекетлеририниң Азиядағы нийетлери еле мусулман дүьясының ядынана шықпаған еди. Соның ушын Темур Сулайман Чалабийди Турклердиң Европадағы ўалаятларына ҳәким етип тайрлап, ҳәкимдарлық тажын кийгизди.

Анаталы ярым атаўының арқа батыс бөлеги Суюрғал сыпатында Иса чалабийге инам етилип, Бирусса шәҳәри оның пайтахты болды.

1400 жылы Темур Туркия султаны Баязид 1 ҳәм Египет султаны Фараж бенен гурес алып барып, Киши Азия ҳәм Сирияда көплеген қалаларды ийелейди.

1402 жылы Анкара қаласы жанында Баязидтиң еки жуз мыңлық әскерлериниң қоршап алыныўы, қыйратылыўы ҳәм бенде болып қолға алыныўы Темур әскерлериниң ен үлкен жеңислериниң бири болды. Бул Темур әскерий доктринасының салтанаты болып, уллы саркарда екенлигин дәлийллейди. Темурдың Баязид устинен ерискен жеңиси оның Батыс Европа мәмлекетлеринде даңқының артыўына себеп болды. Самарқанд пенен Европа мәмлекетлери арасында дипломатиялық ҳәм саўда байланысларының күшейиўи усы дәўирге туўра келеди.

1404 жылдың ақырында Темур Қытайға журисин баслады, бирақ 1405 жылдың басларында Темурдың Отрар қаласында өлимине байланыслы бул атланыс жуўмақланбай қалды.

Темурдың мақсети тек әскерий атланыслардың өзи емес еди, ол монгол басқыншылығына шекемги болған ески саўда жолларын қайта тиклеў әрманында еди. "Темур тузуклеринде" мынадай қатарлар жазылған: " Маған бойсынған жаңа мәмлекетлерде ҳүрметке ылайық адамларға ҳүрмет көрсеттим. Мен пайғамбар әўладларына, нызамды нәсиятлаўшыларға, алымлар менен жасы үлкенлерге уллы ҳурмет ҳәм сыйласықлы қатнасықта болдым, оларға напақа белгиледим. Бул мәмлекетлердиң бай-дәўлетли адамлары мениң аға-инимдей, жетим-жесир ҳәм қәмбағалары болса балаларымдай болып қалды. жеңилген мәмлекеттиң әскерлери мениң әскерлериме қосылды. Мен бул мәмлекетлерде халық ҳүрметине ерисиўге ҳәрекет еттим. Усыған қарамастан пухараны қорқыныш ҳәм үмит арасында усладым, жақсыларға, олар қайсы миллеттен болыўына қарамастан, мен де жақсылық еттим, инсапсыз адамлар ҳәм сатқынлар мениң мәмлекетимнен қуўылды. Қорқақ ҳәм пәс адамларға ылайық ислер тапсырдым. Маған ғәрезли барлық мәмлекетлерде әдалат есиги ашық еди. Соның менен бирге урлық ҳәм талаўшылықтың барлық жолларына тыйым салыўдың илажларын иследим (И.Муминов "Амир Темур ибн Тарағай бахадир" шығармасынан, Фан ва турмуш, 1990, N3).

## Тема. Әмир темурдың Қубла Арал бойларына жүрислери.

**1. Әмир Темур Қубла Арал бойларында.**

Әмир Темурдың Қубла Арал бойларында болған экспедициялары ҳәм оның өз мәмлекетлериниң арқа щегараларын беккемлеў ҳәм қорғаў ушын ийелеген ҳәрекетлери ҳаққында материаллар илимде аз изертленген.

Деген менен оның 1371-1388-жыллар арасында Хоремге бес рет келгенлиги барлық тарийхшылар ҳәм изертлеўшилер тәрепинен дәлилленген. Сондай-ақ Әмир Темурдың мәмлекетиниң арқа шегарасы Арал теңизине дейин барып жеткенлигин есапқа алсақ Хорезм деген түсиникке Қубла Аралдың ҳәммесиниң киретуғынлығын ядқа сақласақ, онда Г. Вамберийдиң «Әмир Темур 1371-жылдың бәҳәринде өз мәмлекетиниң арқа шегарасын беккемлеўге шықты» деген пикринде оның ҳәзирги Қарақалпақстан аймағында нәзерде тутқанлығын есапқа алып қойған жӨзбекстан болады,- деп есаплаймыз.

Әмир Темур Қубла Арал бойы халықлары менен байланысларын ең әўеле тынышлық, дослықта жасаў тийкарында дүзиўди уазипа қылған. Ол 1371-жылы Арал шегараны беккемлеў ушын Қыят қаласына (ҳәзирги Беруний қаласы) келип оны өзлерине меншиклеген, Хорезимлерден қайтарып алған, Хорезмди де өзине қаратқан.

Молла Салахиддин Ибн Алаўиддин хожаның 1918-жылы жазған «Темурнама» атлы китабында Үргениш шәҳәринң ҳәкими Хусаин суўпының мирәти менен Әмир Темур бир неше күн той-тамашалар көрип Хусаин суўпының Камал-айым (лақабы Улжай Туркон) деген қызна үйленген. Ол Әмир Темурдың ең жақсы көрген ҳаялы болған. XIV әсирдиң 60-80 жыллары Қубла Арал бойындағы Қоңырат елатының бийлери мәртебели болған. Олар Алтын Орда ямаса Жожы улысының ханлары менен сыйласықлы болған. Олар нәтийжеде Әмиўдәрьяның төменги бойындағы ғәрезсиз елат-Қоңыратлы суўпылар династиясы пайда болған. Қоңыратлы Нағадай бийдиң (Бердах шежиресиндеги:“Нағадай бий журт ағасын, жумлә Қоңыраттың бабасы, отыз улының атасы, улы отыз болған екен“) улы Ақ суўпы ҳәм Шекербегинен туўлған қыз Сүйинбийке ханымды Әмир Темурдың үлкен баласы Мырза Жахангирге келин етип узатылған. Гейпара пикирлерге қарағанда Әмир Темур 1389-1394-1395-жыллары Дешти Қыпшақ елатлы, Арал бойлары, Тоқтамыс ханы әскериниң изини ҳәәм олардың алдын кесип урыс ашыў мәқсетинде Қубла Шығыс Арал бойларына жүрис еткен.

Хорезм жерлеринин Алтын Ордадан автономиялық бөлиуге урылыўы областы сиясий ҳәм экономикалық жақтан көтерилиуге тәсирин тийгизди. Екиншиден, Хорезм, Арал бойларына өзин-өзи басқарыўға умтылыўын Алтын Орданың ишки жағдайларынан да қараў керек. XIV әсирдиң 50-60 жылларында Алтын Орда ушын ала сапран аўдарыспақлар дәўири. “Шыңғыснама“шығармасын автор Өтемиш Хожа-Мухаммад Дост мағлуматларында Бердибек хан дәўҳиринен баслап (1357-1359жыллар) Алтын Орда да қараңғыю, қан төгиспелер-ўақты басланған. Орайласқан мәмлекеттен Қырымда-Мамай Ордасы, оң жағадағы Сырдәрья бойларында-Ноғай Ордасы бөлинип шықты. Бул дәўир,-Алтын Орданың өнимдарлы Азербайжан жерлери ушын даў салған Хулагуйтлер Ираны менен урысларының күшейген ўақты. Бул орайласқан сиясий бирикпелери Джочийлар мийрасхорларының сепаратлық ҳәрекетиниң күшейиуи өз-ара феодаллық урысларды жийелесиў (тезлескен) ўақтында болады. Бундай абыржы гүрес дәўиринде әмирлер жергиликли қала патрициялары арасынан өзлерине тирек излейди. Бәлким усындай тарийхый жағдайда Хорезм саўдагерлери, Ақ сүйек ҳәм руўханий ўәкиллери област басшысы етип Хусейн суўпына көтерен болыўы мүмкин.

**2. Әмир Темур ҳәм Қоңыратлы суўфылар. Қыят, Үргениш қалалары.**

1367-жылы Хусейн суўпы Шағатай улысына тийисли Қыят ҳәм Хийўа қалаларынам басып алды. Бул өнерментшилик қалаларынан түскен пайда есабынан жаңа ҳәким елдиң экономиклаы жағдайын жақсыламақшы болды.

Екиншиден, Хорезмниң сиясий ғәрезсизликке умтылыўы ҳәм бурынғы бөлинбес территорияны тиклеўге болған ҳәрекет еди. XIV әсирдиң 60 жылларында Орта Азия жерлеринде Шағатайлар улысының ўәкиллери басқарған жаңа сиясий группалар пайда болыўы менен характерленеди. Қан төгиспе соғысыўлардан кейин власть басынан Темур келди. Өз қарсыласларының үстинен жеңиске ерискен таза ҳәким 70 жылларда Маверенахрдың бирден-бир басшысына айланды. Усы ўақыттан баслап Темур өзиниң феодаллық мәмлекетин беккемлеўге, оның шегараларын кеңейтиуге урында усы мәқсетте Темур, орайласқан Алтын Ордадан алыста жайласқан, бирақ ярым ғәрезсиз бийлигин алған Хорезмди жаўлап алыўды ойлады. Буған себеп те бар еди. Нызаммаддин-Шамийддинниң айтылыўынша, 1372 жылы Темур, 1367 жылы Хусейн суўпы басып алған Шағатай улысының қалалары: Қыят ҳәм Хийўаны қайтып бериўди талап етти. Унамсыз жуўап алған Темур 1372 жылдың бәҳәринде Хорезм жерлерине қарсы биринширет әскерий жүрисин баслады. Жуўмағында ол Қыят қаласын қосып алды. Өлген Хусейн суўпы орнына ҳәким болған Юсуп

суўпы парахатшылық келисимин дүзди. Бул келисимде Юсуф суўпыдинастиялық байланыслар менен беккемлеўге урынып, Ақ суўпының қызы, Узбекханның жийени, Ханзаданы Темурдың үлкен баласы Жахангерге кийеўге бериўге келисим берди. Бул әлбетте, ўақтынша болған келисим еди....

Юсуф суўпы көп узамай Хорезмниң абройын көтериў мәқсетинде қайтадан Қыят қаласын басып алды. Буған Темур 1373 жылы Хорезмге екинши әскерий жүрис пенен жуўап берди. Бул рет Юсуф суўпы Темурдың түслик районлардағы үстемлигин мойнлаған ҳәм Ханзаданың Кеш (Шахрисабзге) жибериўге мәжбүр болды.

Алтын Орданы форамаль түрде мойынлап, Хорезмниң өмир сүриўи Темурдың уллы державалық сиясатлар толсқнлық жасаәйтуғын еди. Бунын үстине ғәрезсиз ўалаят ўәкиллери Хорезм Арқа ҳәм Түслик территориясын қайтадан, өзлериниң экономикалық жағдайын беккемлеўге урынды. Бул мәқсетке жетиў ушын Хорезмликлер сиясий авантюралардан да қайтады. 1376-77 жж, қыс айларында Хорезм әскерлери Бухара ҳәм басқа да жерлерге әскерий топылыслар жасады. Бул Темурдың 1376 жылы, 1377 жылы Хорезм жерлерине үшинши ҳәм төртинши Шабылыўларына себепши болды. 1377 жылы Хорезмдеги үш айға созылған урыс ҳәм камалдан кейин пайтахт-Үргенч басып алынып, жергиликли өнерментшилер ҳәм илимпазлар. Кешке тутқын етип көширилген. Бул сәтсизликлерге айырым ўақыяларда себепши болды. Юсуф суўпының тосыннан өлгеннен кейин жергиликли үтем топарлар арасында қарама-қарсы еки топар пайда болған: бир топар-Бианак суўпы тәрепинен алса, екинши топары-Юсуф суүпы миәрасхоры Хожа-Лак тәрепинде турды. Темурдың әскерий жеңислерине қарамастан Қоңырат суўпылары, ўәкиллериниң Хорезм сиясий ғәрезсизлиги ушын гүрес тоқтамады. Олар өзиниң аномин ақшаларының 1379-1380 жыллары шығарыўды даўам етти. Бул тийинлер Темур атынана шығарылған ақша бирликлери менен тендей пайдаланған.

Бирақ кейинги жылда Хорезмниң сиясий ғәрезсизлиги жоғала баслады. Власть басында Алтын Орда ўәкиллери-Тоқтамыс (1380-1381 жыллары) яки Темур адамлары турды. XIV әсирде Хорезм түслик Аралбойларын сиясий экономикалық жағдайын да кульминациялық шешиўши момент 1388 жылы Темурдың Үргенчти биротала қыйратыўы болды.

Шарафадтин Йезди (1405-1447жыллары) мағлуматларында Темур бир неше күн Үргенчте болғаннан кейин арнаўлы уйрықта «қаланың барлық адамларын Самарқандқа көширип, Үргенчти қыйратып, орнына арпа егиўди» буйырған. Үш жылдан кейин (1391 жылы) Темур Дешти Қыпшаққа

жүрисинен қайтып киятырғанда өз адамларының бири Мусакаға қаланың Шағатайлар семьясына тийисли КААН мәҳәллесин қайтадан тиклеп тапсырды. Ол мәҳәллени дийўал менен қоршап адамларға тапсырды.

## Тема: Амир Темур Мәмлекетиниң ишки сиясаты.

### 1. Темур мәмлекетиндеги ишки турмысы.

Темур өз заманының уллы империясын дүзген болса да, ол өзин бул мәмлекеттиң "нызамлы" ханы деп өмиринше дағазалай алмады. Себеби ол қасла ата теги жағынан шығыслылар династиясына жатпайтуғын еди. Соның ушын шыңғыслар тәрепинен белгиленген дәстүрге байланыслы. Темур әўеле өзиниң қасында суюрғатмышты (1370-1388), ал соң ол өлгеннен кейин суюрғатмыштың улы Султан Махмудханды (1388-1402) рәсмий түрде ҳәм көтерип, ҳәтте өмириниң ақырына шекем солардың атынан жарлықлар жаздырады, пуллар бастырып шығады. Бирақ бул еки ҳүкимдар да тек қзабаға хана "хан" болып мәмлекеттиң сиясий турмысына ҳәм Темур берген пәрманларға ҳасла араласпайтуғын еди. Усыған қарамастан Темур мәмлекетте өзиниң тиккелей ҳүкимдарлығына нызамлы тис берип, оны беккемлеп алыў махсетинде Әмир Хусейнниң тул қатыны сарай мүлкханыма үйленеди. Сарай мүлкханым Маўараўыннахырдың Чағатай шаңарағынан шыққан соңғы ханы шығыслылар әўлады Қазанханның қызы еди. 1370 жылы сарай Мүлканым менен кесилген неке себебли Темур өзиниң әмирлик дәрежеси "кораған" яғный ханым күйеўи атағын қосы алады ҳәм рәсмийҳүжжетлерде "Әмир Темур корааний" деген а пенен жүргизилиўине мияссар болады.

Темурдың үлкен империясы сырттан үлкен ҳәм қдиретли мәмлекет көринсе де, ҳаслында оның экономикалық негизи әзги еди. Темур басып алған ўалаятларды. улларына, ақлықларына ҳәм хызмет көрсеткен әмир еторғол сыпатында саўға етип берип, олар арқалы басқарды. Маўараыннахырдан сырттағы өз қараўындағы барлық ўалаятлар менен мәмлекетлерди Темур төрт үлеске бөлди. Тунғыш улы МехримедЖаҳангирге Балх ўалаяты менен 12 мың нөкерден ибарат әскер, екинши луы Омар

Шайхқа Форс ўалаяты ҳәм 10 мың нөкерли әскер, үшинши улы Мираншахқа Азербайжан, Иран ҳәм Арменистан мене 9 мың адамлық әскер, Инже улы Илахрухқа Хорасан, Журжан, Мазандаран, Сайхтан менен 7 мың әскер бериледи. Үлеслер орайлық ҳүкиметке бағыныңы болса да бирақ ол белгили дәпежеде ғәрезсизликке ийе еди.

Улус ҳүкимдарларының өз алдына бөлек мәмлекетлик дийўанханасы, әскери болып олардың орайлық ҳүкиметке бағынынқылығы Хираждың бир бөлегин Самарқандқа жиберип турыўдан ҳәм жоқарыф ҳүкимдарлық әскерий менен қатнасыўдан ямаса талап етилген әскерди жиберип турыўдан ибарат еди. Суюрғал Темур мәмлекеттиң дүзилиўи алдында енгизилген болып, ол “иқтоъ“ сыяқлы белигили түмен ямаса ўалаятларды ҳүкиметтиң жарлығы менен Батыстағы “Феод“ ямаса “Лен“ төринде жоқары ҳүкимдардың әўладларына ҳәм хызмет көрсеткен жоқары (ҳүкиметтиң әўладларына) қатлам ақ сүйеклерине саўға сыпатында берилген.

**2. Темурдың әскерий реформасы ҳәм армияның дүзилиси.**

Темур ишки ҳәм сыртқы сиясатта негизинен армияға арқа сүйейтуғын еди. Себеби ол әскерий күш пенен жаўлап алынған мәмлекетлерди ҳәм әсиресе ўалаятларда жасаўшы халықларда зорлық пенен услап туратуғын еди. Соның ушын да әскерий реформаға, әсиресе армиядағы басшыларды таңлап ҳәм оларды тәрбиялаў, әскерий бөлим ҳәм олардың жайласыў тәртиби мәселелерине оғада үлкен әҳмийет беретуғын еди. Ол мәмлекетте әскерий реформа жасайды. Сол себепли Темур дереклерде өз заманының атақлы саркардасы ҳәм ең ири әскер басы сыпатында тилге алынады. оның әскерий таланты, сәркардалық шеберлиги өзармиясының дүзилисинде ҳәм Алтын Орда ханы Тоқтамыс, Дели султаны Махмуд ҳәм Туркия султаны Баязидлер менен жүргизилген саўашларында ҳәм қыян-кески урыс майданларында қолланған “савкулжайш“ (стратегия) ҳәм саўаш жөргизиў усыллары - “тәбият улжайш“ (тактикалары)нда көзге түсти.

Темур армиясы он-оннан әскерий бирикпелер негизинде дүзилген ләшкерлерден ибарат еди. Ләшкер “түмен“-он мыңлығқ “ҳазара“-мыңлық, “қошун“-жүзлик ҳәм “айл“-онлық бирикпелерге бөлинген. Түменлерде әскерлердиң саны он мыңлық ләшкерди басқарыў ушын “мирихара“, жүзлик ушын “қошун басшы“ ҳәм онлықлар ушын “айл басшы“ усаан әскерий лаўазымларды енгизеди. Олардың ҳуқуқларын айлық ис ҳақысын белгилеп береди. Мәселен, әриўайы жаяаў әскер өзи минген аттың баҳасы менен тең ис ҳақы,бақадирлер 2-4 аттың баҳасына тең, айл басшы өз қараўындағы нөкерлерге салыстырғанда еки есе көп ис ҳақы алған. Мың басшылардың айлығы Кошун басының айлығына үш есе көп олған. Саўашларда мәртлик

көрсетип, жеңиске ерискен Әмир ушын сауғалар да белгилеп қойылған. мәселен әмирлердиң биреўи саўашта ҳәм әскерди жеңсе, мәмлекет ҳәм ўалаятты жаўлап алса, ол туў менен, нағара менен баҳадирлик мәртебеси менен, мәмлекетлик кеңеслерге еркин кире бериў ҳуқуқы ямаса бир ўалаяттың найыблығылаўазымын бериў менен сыйлықланған. Әскерий бөлимлердиң баслықлары-Әмир Темурға бағыныңқы 40 аймақ (қәўли) тан 12 си барлос, арғын, жалайыр, түлкиши, дулдай, монғол, сулдуз, тоғай, қыпшақ, арлат, татар ҳәм тарханлардың арасынан сайлап алынған. Әмирлик мәртебеси Темур хызметиниң дәслепки жылларында оға садық болған 313 адамға дәслепки жылларда оған садық болған. Булардан биреўи-Әмир Ул-умаро, төртеўи беглер беги, жүз-жүзден мың басы, жүз басы ҳәм он басы болған. Булардан тысқары тағы 12 адамға биринshiден он екинши дәрежели әмирлик атақлары берилген. он екинши дәрежели әмирлик атақлары әдетте Әмир ул-умароннның найыбы есапланған. Он еки әмирдиң ҳәр бирине бир-бирден байрақ ҳәм нағара, он мыңлық армия, туў ҳәм төрт беглер беглериниң ҳәр бир бир-бирден байрақ, нағара ҳәм кәрнай берилген.

**3. Мәмлекетиниң социал экономикалық раўажланыўы. Салық системасы.**

Социал-экономикалық мүнәсибетлерди мўапықластырыў ҳаққында “Темур түзиклеринде“ өз алдына бап бар. Оған көре сол тараўға тийисли (дийқан, өнермент, саўдагер, салықшы ҳәм тағы басқа), обьектлери (жер-суў, ҳасыл ҳәм тағы басқа) ҳәр биреўиниң өз орны ўазыйпасы анық белгилеп қойылған. Ең жууўапкершиликли ўазыйпаны мәмлекет өз мойнына алған. Суўсыз жерге суў шығарыў, бузылған көпирлерди қат\йта тиклеў ҳәм жаңадан қурыў, жоллардың қәўипсизлигин тәмийнлеў, саўда ҳәм елшилик карўанларына қараўыллар таярлаў, мал мүлклерди қорғаў ҳәм басқада көп қәрежет талап қылатуғын жумыслар солар қатарына киреди. Шарафатдин Али Яздийдиң гууаллық бериўине қарағанда “Әмир Темур мәмлекет абаданшылығы жолында бир қисмның зая болыўына еп көрмеген“. Сол нызамға сүйенген ҳалда ол Маўараўыннахыр, Хурасан ҳәм басқа ўалаятларда суў шығарып абаданшылық, жаңа жерлер ашыў, бағлар пайда етиў уқсаған илажларды әмелге асырды. Әмир Темур дәўиринде Самарқанд, Шахрисабз ҳәм басқа туманлар-аро онлаған каналлар, жаплар қазылды. Тарийхшы ҳәм географ Хафиз Абруниң мағлуматларына көре, Әмир Темур Хурасандағы Мурғап дәрьясы (ҳәзирги Аўғанстан ҳәм Туркменистан жер Астында) ойпатлығындағы абаданшылық ҳәм дийханшылықтың аўыр аҳўалғатүсип қалағанын көрип, дәрьядан жигирма канал қазып суў шығарыўды буюрған. Сондай қылып деп жазады тарийхшы бул жерде дийқаншылық ҳәм жаратыўшылық ислерине тийкар салынды. Солардан бугинги күнге шекемги

сақланып қалғанлырының атларын атап өтемиз. Дилкуша, Ганжраван, Дарбанд, Ганжхана, Умар Тобон, Оқбуға, Қўтлуғ хотун, Шайх Абу Саъид, Шайх Али, Давлаттоҳ Жандор, Гулборҳон, Қутлуғ Темур, Ҳасан Жандор, Амир Аловуддин, Санжадак Наўрыз, Али Малик усаған каналлар.

Әмир Темурдың Озарбайжада да жасалам канал қурдурғанлығы ҳаққында мағлуматлар бар. Әмир Темур Қорабағда турған ўақтында узынлығы 60-70 км келетуғын Барлас каналын қаздырғаны туўрысындағы мағлуматлар бар.

Әмир Темур дәўириндеги пул мәселесине тоқталсақ. Әмир Темур заманында 6 грамм аўырлықтағы гүмис тенгелер ҳәм оның төрттен бирине тең 1,5 граммлық гүмис тенгелер “Мири“ деп аталған. Бул ат Сақыпқыран Әмир Темур атағы менен байланыслы. Булардан тысқары айланыста мис тенгелер-чақалар ҳәм болғанлығын билемиз. Тенгелер Самарқанд, Бухара, Ардабил, Астробод, Дарбанд, Табриз, Савзавор, Шероз ҳәм басқа бир қатар қалаларда зарб етилген.

Әмир Темур заманында мәмлекеттеги суўғарыў системасына, пул айланысына, мәмлекет көлеминдеги үлкен-үлкен қурылысларға ҳәм салық системасына үлкен итибар кратылды. Темур дәўиринде Самарқанд жана усылда қайта қурылды. Ол Самарқандта Көксарай, Бибиханым мешити, Шохизинда мавзолейи, Самарқанд әтирапында Боғи Чинор, Боғи шамол, Боғи Дилкуша, Боғи Бехишт, Боғи нав сыяқлы бағ ҳәм сарайларды қурдырды. Қурылысқа жергиликли архитектор, усталар-өнерментшилерден тысқары, Темур басып алған өзге мәмлекетлерден көплеп қурылысшылар, художниклер тартылды.

Мырза Бабурдың мағлыўматы бойынша, Самарқандтың Феруза, Ахонин, Шейхзода, Газуристон, Сузангарон, Чароҳа деп аталған дәрўазалары болған.

Хожа Абдурашид аты менен дәрўиш сыпатында Бухараға келген, Бухара мешитлериниң биринде имамлық еткен, кейин ала Пешт университетинде шығыс тиллери ҳәм әдебияты профессоры Герман Вамбери "Бухара тарийхы″ китабының XI бабында Темур ҳаққында былай деп жазады: ″Темурдың Орта Азия тарийхындағы айрықша орнын соннан билиўге болады, ол өз ҳәкимшилиги менен жана династия (темурийлер династиясы) сын ҳәм, бәлким көбирек турк мәденияты деп аталыўы мүмкин болған Орта Азия мәдениятының жана дәўирин баслап берди".

**Темир ҳәм темурийлер дәўиринде Қубла арал бойы халықларының сиясий тарийхы.**

Темур өзиниң феодаллық мәмлекетин беккемлеўге, оның шегараларын кеңейтиўге урындыусы мәқсетте Темур, орайласқан Алтын Ордадан алыста жайласқан, бирақ ярым ғәрезсиз бийлигин алған Хорезмди жаўлап алыўды ойлады. Буған себеп те бар еди. Нызаммаддин-Шамийддинниң айтылыўынша, 1372 жылы Темур, 1367 жылы Хусейн суўпы басып алған Шағатай улысының қалалары: Қыят ҳәм Хийўаны қайтып бериўди талап етти. Унамсыз жуўап алған Темур 1372 жылдың бәҳәринде Хорезм жерлерине қарсы биринширет әскерий жүрисин баслады. Жуўмағында ол Қыят қаласын қосып алды. Өлген Хусейн суўпы орнына ҳәким болған Юсуп суўпы парахатшылық келисимин дүзди. Бул келисимде Юсуф суўпыдинастиялық байланыслар менен беккемлеўге урынып, Ақ суўпының қызы, Узбекханның жийени, Ханзаданы Темурдың үлкен баласы Жахангерге кийеўге бериўге келисим берди. Бул әлбетте, ўақтынша болған келисим еди....

Юсуф суўпы көп узамай Хорезмниң абройын көтериў мәқсетинде қайтадан Қыят қаласын басып алды. Буған Темур 1373 жылы Хорезмге екинши әскерий жүрис пенен жуўап берди. Бул рет Юсуф суўпы Темурдың түслик районлардағы үстемлигин мойнлаған ҳәм Ханзаданың Кеш (Шахрисабзге) жибериўге мәжбүр болды.

Алтын Орданы форамаль түрде мойынлап, Хорезмниң өмир сүриўи Темурдың уллы державалық сиясатлар толсқнлық жасаәйтуғын еди. Буның үстине ғәрезсиз ўалаят ўәкиллери Хорезм Арқа ҳәм Түслик территориясын қайтадан, өзлериниң экономикалық жағдайын беккемлеўге урынды. Бул мәқсетке жетиў ушын Хорезмликлер сиясий авантюралардан да қайтады. 1376-77 жж, қыс айларында Хорезм әскерлери Бухара ҳәм басқа да жерлерге әскерий топылыслар жасады. Бул Темурдың 1376 жылы, 1377 жылы Хорезм жерлерине үшинши ҳәм төртинши Шабылыўларына себепши болды. 1377 жылы Хорезмдеги үш айға созылған урыс ҳәм камалдан кейин пайтахт-Үргенч басып алынып, жергиликли өнерментшилер ҳәм илимпазлар. Кешке тутқын етип көширилген. Бул сәтсизликлерге айырым ўақыяларда себепши болды. Юсуф суўпының тосыннан өлгеннен кейин жергиликли үтем топарлар арасында қарама-қарсы еки топар пайда болған: бир топар-Бианак суўпы тәрепинен алса, екинши топары-Юсуф суүпы миәрасхоры Хожа-Лак тәрепинде турды. Темурдың әскерий жеңислерине қарамастан Қоңырат суўпылары, ўәкиллериниң Хорезм сиясий ғәрезсизлиги ушын гүрес тоқтамады. Олар өзиниң аномин ақшаларының 1379-1380 жыллары шығарыўды даўам етти. Бул тийинлер Темур атынана шығарылған ақша бирликлери менен тендей пайдаланған.

Бирақ кейинги жылда Хорезмниң сиясий ғәрезсизлиги жоғала баслады. Власть басында Алтын Орда ўәкиллери-Тоқтамыс (1380-1381 жыллары) яки Темур адамлары турды. XIV әсирде Хорезм түслик Аралбойларын сиясий экономикалық жағдайын да кульминациялық шешиўши момент 1388 жылы Темурдың Үргенчти биротала қыйратыўы болды.

Шарафадтин Йезди (1405-1447жыллары) мағлуматларында Темур бир неше күн Үргенчте болғаннан кейин арнаўлы уйрықта «қаланың барлық адамларын Самарқандқа көширип, Үргенчти қыйратып, орнына арпа егиўди» буйырған. Үш жылдан кейин (1391 жылы) Темур Дешти Қыпшаққа жүрисинен қайтып киятырғанда өз адамларының бири Мусакаға қаланың Шағатайлар семьясына тийисли КААН мәҳәллесин қайтадан тиклеп тапсырды. Ол мәҳәллени дийўал менен қоршап адамларға тапсырды.

## Тема: Амир Тимур мәмлекетиниң сыртқы сиясаты

### 1. XIV әсир ақыры XV әсирдиң басындағы дүнья жүзиндеги халық аралық жағдай.

Темур мәмлекети ҳәм оның ҳүкимдары тек замандасларының итибарын ғана өзине тартып қоймастан, дүньяның сиясий топарларында жүз берген барлық ўақыяларға да тәсир көрсетти. Бундай реал шынлық Темурдың батысқа қарай “жети жыллық“ атланыслары дәўиринде (1399-1404) қүдретли Осман түрклери империясына қарсы урыс баслаўға қарар еткен ўақыттан баслап айрықша сөзге тасланады. Себеби XIV әсирдиң ақырында ҳәм XV әсирдиң басларында жақын шығыста жүз берген қырамалы сиясий жағдай буны талап етти. Бизге белгили, бул дәўирде бир тәртиптен әскерий қүдретте барған сайын күшейип атырған түркшениң Балхан ярым атаўы мәмлекетине бағышланғанлығы күшейип, пүткил Европаны қәўип астына салып турған болса, екинши жақтан, бул қүдиретли мәмлекеттиң өзи Батысқа қарай үлкен күш пенен бастырып кирип киятырған қәўипли душпан-Темур мәмлекетиниң күшли тәсирине дос болған еди. Солай етип Киши Азияда еки басқышының сол ўақытта өз

әскерий қүдрети жағынан ең күшейген Темур менен Батыс Европаға қорқыныш салып турған Баязидтиң мәплери жүзбе-жүз келди. Бундай сиясий жағдайда Туркияға қарсы келген душпан күшлериниң белгили дәрежеде бирлесиўи тәбий еди. Ең әўели Баязидтен жеңилип өзлериниң жер ҳәм мүлклеринен айрылған Киши Азия мәмлекетлериниң әмирлери Темурдан жәрдем күтип оның қара бағдағы резиденциясына барады. Ҳәтте Византия ҳәм Ғалатадағы Генуя ҳәкиминиң найыбы, Франция короли, сондай-ақ Султания шәҳәриниң католик миссионерлери жәрдем сорап Темурға мүрәжәт етеди.

Туркия султаны Баязитге бирлесип соққы ьериў мәҳсетинде Византия императорының Константинопольдағы найыбы Йоан VII Полиолог ҳәм Генуяның Перадағы (Константинополь қасындағы жер) ҳәкими Трапизунд императоры Мануил III жәрдеминде Темурды Туркияға қарсы атланыўға шақырады. Бул ушын олар әскерий атланыс ўақтында жәрдем бериў, сондай-ақ Константинополь менен Пераның Баязидке төлеп келген болсын буннан былай Темурға төлеўге ўәде берди. Бундай усыныс әлбетте Темурға жүдә мақул түсти. Себеби Туркияның теңиз жағасындағы таянышынан айырыў ушын оған теңизден жәрдем керек еди. Солай етип XIV әсирдиң ақыры ҳәм XV әсирдиң басларында Туркия султаны Баязидке соққы бериў ушын қолайлы сиясий жағдай жүзеге келеди. Бул жағдайдан Темур усталық пенен пайдалынды.

**2. Әмир Темурдың сыртқы сиясатындағы тийкарғы бағдарлары**

Бул дәўирде Темур Баязид пенен өз-ара дипломатиялық хатлар алысыў менен бирге, Туркияға қарсы саўаш ашқанда Трапезунд ҳәм Константинопольдиң әәскерий кемелеринен пайдаланыўға ҳәрекет етеди. Усы мәҳсетте Генуя менен Венецияға саўғлар, сондай-ақ хатлар жиьерип Аралепископ Иоанн Галлонифонтибус басшылығында елшилер жибереди.

Өз-ара жәрдем бериў мәселесинде Темур Константинополь найыбы Иоанн VII Полиолог пенен де хат арқалы сөйлесиў жүргизеди. Темурдың 1412 жылы 15 май күни Иоанн VII Полиологтың атынан жалланған хатының мазмунына қарағанда Константинополь императоры ҳәм Генуяның Перадағы ҳәкими Баязидке қарсы гүресте Темурға хызмет етиў, ҳәтте оған “адамлар ҳәм ҳәр қайсысы 20 дан 40 әскерий кеме менен“ жәрдем бериў миннетлемесин өз мойнынларына алады. Буны Испания клшиси Клавихо да өз күнделик дәптеринде айтып өтеди.

Бул дәўирде Темур Франция короли Карл VI (1360-1422), Англия короли Генрих IV (1399-1413) ҳәм Кастилия және Леон короли Генрих Ш де Трастанара (1390-1407) лар менен дипломатиялық байланыслар орнатып хат

алысып ота\ырады. Бул мәмлекетлер арасында әсиресе Франция, Византия империясын тәғдирине бийпарық қарай алмас еди. Сол себепли Францияның пухаралары есапланған генуялыларының жерлери менен мал-мүлклерин, әсиресе Ғалатадағы ийеликлерин қорғаў ушын Карл VI өз нәўбетинде Темурдан мәдет күтер ҳәм оның менен дипломатиялық байланыс орнатыўға урынар еди. Темур менен Карл VI екеўиниң хатларында жазылыўына қарағанда Сақыпқыран королди қатты қоллап-қуўатлайды.

Солай етип, Темурдың Киши Азия ҳәм Батыс Европа мәмлекети менен дәслепки дипломатиялық хат алмасыўлары ҳәм елшилик байланыслары оның Батысқа Туркияға атланысы мүнәсебети менен басланып олардан негизинен Баязидке бирликте гүресиў режелери көзже тутылады. Бирақ Анкара түбинде туркледиң еки жүз мыңлық армиясының қыйратылыў ҳәм жеңиске ерисиўине соң тЕмурдың Батыс Европа мәмлекетлери менен байланысларының мазмуны пүткиллейөзгереди. Енди ол бул еллер менен дослық қатнасықларды беккемлеў, сондай-ақ елшилик ҳәм өз-ара саўда-сатық байланысларын жолға қойыў усаған мәселелерге әҳмийет береди.

**3. Темурдықң Батыс Европа мәмлекетлери менен дипломатиялық байланыслар.**

Мысыр ҳәм Туркия султанлары үстинен ерисилген жеңистен кейин Темур Батыс Европада бурынғыдан да бетер абырай даңққа ийе болды. Европа езиўшилериниң Шығысқа әзелий қызығыўшылығы ҳәм умтылыўшылығы тағыда күшейди. Әсиресе Кастилия (Испания) короли Генрих Ш Шығыс пенен жүдә қызықсынып қалған еди. Ол Темурдың Туркия султаны Баязидке қарсы жүргизген қыян-кески саўашларын дыққат пенен баҳалап жүреди. 1402 жылдың бәҳәринде Пайо де Сотомайор ҳәм Эрнан Санчес Палисуелос басшылығында дәслеп Испания елшилери Темурдың Киши Азиядағы резиденциясына жибериледи. Екиншилерге Темур ҳәм Баязидлердиң күш-қудрети, байлығы ҳәм армиясының санын билиў, сондай-ақ олардың қол астында жасап атырған халықлардың үрип-әдетлери, дини ҳәм нызамлары ҳаққында анық мағлуматлар топлаў тапсырылды. Жеңис мүнәсибети менен келген Шығыстың ҳәм Батыстың көплеген мәмлекетлериниң елшилери қатарында Испанияның елшилери де Темур тәрепинен қабыл етилип, королдың атына жазылға арнаўлы хат ҳәм саўғалар менен узатып салынады. Олардың қасына Теумр Мухаммед қызы илимли өз ўәкиллерин де Испанияға елши етип жиберди. Буған жуўап ретинде Генрих III өз-ара дослық қатнасларды беккемлеў мәқсетинде 1403 жылыТемурға екинши мәртебе арнаўлы елшилер жибереди. Оған Рум Гонзалос де Клавихо басшы етип тайынланады. 1403 жылы 25-майда

Испаниядан жөнеп кеткен, ол жерден Трапезунға, ал ол жерден қурғақлық арқалы Иранды кесип өткен, Балх шәҳәрине келеди. Усы шәҳәрге жақын жерден Амиўдәрьяны кешип өтиў әўеле Термез ҳәм Кеш шәҳәрлеринде болады, соң Самарқантқа келип жетеди. Испания елшилери Самарқандта Темур тәрепинен дәбдебели рәўгте қабыл етилип, оларға үлкен итибар ҳәм зор ҳүрмет көрсетиледи. Темурдың Самарқанд ҳәм оның әтирапларында қурдырған әжайып сарайлар менен бағларда өткерилген расмий қабыллаў ҳәм дәбдебели жыйынларында Испанияның елшилери Қытай, Ҳиндистан, Рим, Забулистан, Ирак, Шам, Мысыр, Алтын Орда, Сақлаб (Россия) усаған шығыс пенен Батыстың көплеген мәмлекетинен келген елшилердиң бәринде жоқарыраққа отырғызып, оларға айрықша дыққат аўдарылады. Рәсмий қабыл ўақтында Испания елшилери “Қытай патшасының лешисинен төмениректе отырған байқап қалған Темур, -деп жазған еди, бул ҳаққында Клавихо өз күнделигинде,-оларға төрге, ол Қытай елшисин төменирекке,-қызығыўды буйрады“. Орта әсир дипломатиясында бундай расмийликке айрықша итибар берилген. Себеби рәсмий қабыллаўнда ҳәм дәбдебели жайлар мимлекетлер арасындағы қарым-қатнаслардың нышаны дәрежесин көрсететуғын еди.

Клавихо басқарған Испания елшилери 1404 жылдың сентябрь-ноябрь айларында Самарқандта болады. Темурдың Қытайға қарай атланысы мүәсибети мене басқа көплеген мәмлекетлердиң елшилери менен бир қатарда Испанияның елшилери де 1404 жылдың 21 ноябрьинде Самарқандтан узатып салындаы. Клавихо Испанияға 1406 жылдың март айында қайтып келеди. Арадан бир ай өткеннен кейин Клавихо Самарқанд сапарында болған Испания елшилиги ҳаққындағы мәлимлемесин жахып, Ксатилия короли Генрих III ке тапсырады. Соңын ала бул мәлимлемеси “Уллы Темур тарийхы“ ҳәм “Теумр резиденциясы Самарқанд сапар күнделиги“ деген атлар менен бир неше мәртебе басып шығарылды.

Темур өлгеннен кейин мәмлекетте басланған сиясий бас-басына кетиўшилик ҳәм оныңбир неше ғәрезсиз мәмлекетлерге бөлинип кетиўи әқибетинде Батыс Европа мәмлекетлери мене Темурдың орнатқан тиккелей саўда ҳәм елшилик байланыслары кем-кемнен суўысып, бара-бара пүткиллей үзиледи. Бул, әлбетте, Орта Азияның Батыс Ервопа ҳәм онда қәлиплесип атырған жәҳән сыртқы базарынан бөлинип, Орта Азиялардың дүнья халықлардың социаллық ҳәм экономикалық раўажланыўынан бир неше қалыўының басланыўы еди.

Амир Темурдың дипломатик қәбилетлери тарийх илиминде толық үйренилмеген мәселелердиң бири. Сол ўақыттағы тарийхый дереклердиң гуўалық бериўине қарағанда ол шешилиўи қыйын болған сиясий мәселелерди де урыс арқалы емес бәлки келисим

жолы менен шешиуге ҳарекет еткен. Күшли дипломат болған. Амир Темурдың дипломатиялық қәбилетлерин тарийх илиминде академик Бартольд В.В. ҳәм И.И.Умняковлар дәслепкилерден болып үйренди. Кейинги дәуирде тарийх илиминде бул проблеманы үйрениуди алға илгерилеў сезилмекте . Амир Темурдың Европа менен өз-ара байланыслары профессор А. Сайдов тәрепинен изертленбекте.Сахырқыран жеңаилмес күш қудиретке ийе болыў менен ьирге халық ара байланысларда диплоиатияның күшине қатты исенген. Мәселен ол «Жүз мың атлы әскер қыла алмаған исти бир туўры ҳәрекет әмелге асырыўы мәмкин»деп көрсеткен .

Амир Темур дипломатиясының тийкарғы белгилери халық ара мүнасибетлер ҳәм

халық ара ҳуқық нормаларына туўры келетуғын дәлийл ҳәм изертлеялер көрсетип

бермекте.

Сахапқыран елши ҳәм елшилик қәўипсизлигин тәмийнлеўге қатты әмел қылған ҳәм бирге ислесиўшилеринен де соны талап еткен ҳәм де «Елшиге өлим жоқ» ураны оның тийкарғы ураны болған.

Тамурдың қол астындағы жерлерде елшилер өмири ғана емес ал олардың мал-мүлки, ат әнжамы да қәўипсиз есапланған. «Елишниң бир заты жойтылса, сол жер басшылары төлўи зәрүр еди» деп жазады Испания елшиси Клавихо.

Темур дипломатиясының және бир белгиси бул дүзилген питимге ҳәм ўәдеге ўапа қылыў, оның шәртлерин толық орынлаў болып есапланады: Темур қайсы ҳүкимдар менен питим дүзсе яки келисим орнатса оған ҳәр дайым садық қалған. Буны Темур ис ҳәрекетиниң түрли дәўирлеринде көриў мүмкин.

Сахыпқыран дүньяның түрли тәреплерине хатлар жоллап , үлкен киши султанлар, ҳәкимдарлар ҳәм найыпларды бирге ислесиўге шақырды. Ьулардың ишине Хорасан, Эран, Кавказ ҳәм пүткил Киши Азия, Европа ҳәм Қытайға шекем территориялар кирди.

Әскерий жүрислерде ерискен жеңислери ишки ҳәм сыртқы сиясатта әдиллиги Темур мәмлекети қүдиретиниң артыўына ҳәм дүнья көлеминде көтерилиўине шешиўши тийкар болды.Соныңменен бир қатарда ҳәмме мәселелерде атап айтқанда сырт еллер менен байланыс орнатыў ҳәм қатнасықларды раўажландырыўды тынбай даўам еттирди.

Россия ушын қыйыншылық келтирип турған Алтын Орда ханы Тохтамысты жеңип ҳәм де пүткил Европа еллерине жүдә үлкен қәўип туўдырып турған түрк султаны Баязидти жеңиўи Европа халықларының раўажланыўында жаңа бир дәўирди баслап берди. Европалылар Схапқыранды қутқарыўшы сыпатында тән алып оның қүдиретли орайласқан империясы менен қатнасықлар орнатыўға умтылды. Көп өтпей бир-бирине елшилер жиберип дипломатиялық қатнасықларорната баслады. Солардан Кастилия короли Генрих III тиң елшилери Пайпо де Сато Майор ҳәм Эркан Сангес де Паласуллослар Амир Темур қабыллаўында болды. Темур өз нәўбетинде королГенрих III алдында Мухаммед ал Кешийди жарлық пенен жибержи. Ҳүкимдарлар ортасында бундай өз-ара мәнасибетлерде Султания архиепископы Иоанн ҳәм Испания елшиси Руи Гонзалис де Клавихоның хызметлери үлкен болды.

Амир Темурдың Европа ҳәмАзия мәмлекетлери басшылары менен келисимде тийкарынан тынышлықты сақлаў ҳәм еки ортада саўда-сатық ҳәм улыўма келди-кеттини раўажландырыў мәселелери қойылды.

Темур ҳәм Европалы ҳукимдарлардың бир-бирине жиберген хатлары керекли илимий хүжжет болғанлықтан олар Европа мәмлекетлери китапханаларында сақланбақта. Солардан Темурдың Франция короли Карл VI ға жоллаған еки хаты оның

жуўабы көширмеси Париж миллий китапханасында, Англия короли ГенрихIVтиң Темур ҳәмоның балаларына жоллаған хатларының көширмелери Лондон китапханасында сақланбақта. Сол хатлардың бир бөлеги «Узбекистон адабиети ва санъати» ҳәптенамасында жәрияланды. Оларда тәреплер ортасында қатнасықларды беккемлеў ҳәмме тараўларда, саўда-сатық байланысларын жолға қойыў ҳәм оны кең көлемде раўажландырыў, кәрўан жоллары қәўипсизлигин тәмийнлеўге қаратылған пикирлер алға сүрилген Сахыпқыранның Франция короли КарлVI ға 1402-жылы 1-августта жоллаған хатында «Саўға ислериниң пайдалы болыўына ерисейик» делинсе Карл VIның хатында Темурдың «христиан дининдеги пухараларға да қайрыхом болып атырғанына миннетдаршылық билдирген.

Жуўмақластырып айтатуғын болсақ Амир Темур өзбек миллий дипломатиясын раўажландырған шахслардың бири. Оның хатларында көрсетилген ҳәм дипломатиясында жетекши есапланған Ўатан туйғысы, миллий миллий ғурур ҳәм соған усас жоқары туйғылардан өрнек алсақ арзыйды. Себеби халқара байланысларда өз миллетиниң жақсы көретуғын оның жетискенликлери, аброй-итибары, ата-бабалары тәрепинен қалдырылған материяллық ҳәм руўхый мийрасларынан өз миллетиниң дүнья цивилизациясына қасқан үлеслерин мақтаныш ететуғын шахс ғана өз мәмлекетиниң мәплерин қорғаўы мүмкин.

## Тема: Әмир Темур дәўиринде Маўараўыннахыр ҳәмде Қубла Арал бойларындағы мәденияты

### 1. Әмир Темурдың мәмлекет аабаданшылығы жолында алып барған хызметлери

Өзиниң көп жыллық әскерий атланыслары менен суўғарып егин егетуғын шығыстың жүдә көп абад ўалаятларын ҳәм шәҳәрлерин ушыратқан Темур өз мәмлекетиниң абырай-даңқы ушын оның орайлық бөлеги болған Маўараўыннахырдың, әсиресе оның пайтахты Самарқандтың абаданласыўына айрықша әҳмийет береди. Буның ушын ол жуўлап алынған мәмлекетлердиң тек материаллық байлықларын ғана талап алып қоймастан соның менен бирге жүдә көп сандағы өнерментшилердиң көркем-өнер шеберлерин ҳәм алымларды тутқынға алып Маўараўыннахырға әкелди ҳәм мәмлекетте абаданластырыў исинде оларды зорлап жумысқа жегеди. Ҳәр бир жеңисли ўақыяны ҳәм қуўанышлы ҳәдийсени ажайып имарат қурыў менен белгилеў Темур ушын әдетке айланған еди. Усы мәсетте Ҳмндистаннан алып келинген жүзге жақын гербиш өриўши шебер усталар, Шероз, Исфохона ҳәм Дамашқтың атақлы өнерли усталары мәмлекетте гөззал имаратларды қурып питкерди. Темур Табризде мешит, Шерозда сарай, Бағдатта медресе, Туркистанда Машхур Шайр ҳәм мистикалық шайр Кулхожа Ахмад Яссаўийдиң қабириниң үстине Мавзолей салдырса да бирақ өзиниң сақыйлығын ҳәм кең пейиллигин Кеш ҳәм Самарқандта зро имаратлар

қурдырыў исинде көрсетти. Өзиниң туўылған ўатан Кеште әкесиниң қәбириниң үстине мавзолей, улы Жахангирге мавхолей менен бирге мешит қурдырды. Темур ҳүкимлик сүрген баслапқы дәўирде Кеш қаласын пайтахқа айландырыў нийети менен оның абаданласыўына үлкен әҳмийет берди. Онда дүньяға даңқы кеткен атақлы Ақ сарай бой тикледи.

Иран архитекторларының шеберлиги менен қурыллған бул ажайып сарайдың порталы, гүмбезлери ҳәм дийўаллары көк ҳәм алтын рендеги арабий нағыслар менен, гүлли кафеллер менен безелди. Сақыпқыран Кешке айрықша итибар берип, оны Орта Азияның руўхый орайына айландырыўға ҳәрекет етти. Соның ушын бул шәҳәр “Қуббатул илим вал адаб“ атағына ийе болды. Бирақ Захриддин Бабур тәриплегендей, “Темурбектиң нийети Кешти пайтахт шәҳәр етиўге қаратылып көп ҳәрекетлер иследи имаратлар Кеште қурды“..... Бирақ Кеш шәҳәр болыўға Самарқандтай емес еди. Ақыр соңы пайтахт ушын Темурбек Самарқандты мақул көрди.

## 2. Самарқанд Әмир Темур мәмлекетиниң руўхый ҳәм мәдений орайы

Самарқанд салтанат пайтахты етип алынғаннан кейин ол айрықша жеңилликлерге ийе болған шәҳәрге айланды. Самарқандта Исфахан, Шероз, Халаб, Хорезм, Бухора, Қарши ҳәм Кеш шәҳәрлериниң қурылысшысы архитекторларының қолы менен сарайлар, мешитлер, медреселер, мавзолейлер қурылды. Ал шәҳәрдиң сыртында бағлар пайда болды. 1403-1404 жыллар да Самарқандта болған Испания елшиси Дон Рюи Гонзалес де Клавихо Темурдың қурылыс ислерине таң қалған еди. Тап сол дәўирде Шохий Зинда архитектуралық естеликлери топарының Шадымүлк аға Амир Хусейн, Иширинбийке аға усаған бир қатар ажайып мавзолейлер, ҳәзирги ўақытта Бийбиханым исми менен белгили болған Жоме мешити, Горамир мавзолейи ҳәм басқалар қрылады.

Самарқандтағы қурылыслар ҳаққында сөз қозғаған соны айрықша айтып өтиў керек, манғоллар басқыншылығы даўамында пүткиллей қыйратылған ҳәм халқы таслап кеткен Самарқанд шәҳәри Темур үстемлик сүрген дәўирде өзиниң әййемги орнынан қубларақта бастан-аяқ тазадан қурылып бой тикледи. Шәҳәрдиң қыр әтирапы Оханин Шаихзада, Чорсуў, Қозизгах, Суўзангарон ҳәм Феруза усаған ат пенен аталған талы дарўазалы беккем жаңа қорған дийўал менен қоршап шығарылды. Шәҳәрдиң аркинде Темурдың резиденциясы Көк сарай ҳәм Бостан сарайлар қурылады. Көк сарай төрт этажлы болып, гүмбизлери ҳәм дийўаллар жасыл кафеллер менен нағыслы ҳәм гүлли безеў затлары менен қапланғаны ушын ол усы ат пенен белгили болды. Испан елшиси Клавихоның жазыўына қарағанда ол өнери бар бир кисини де Маўараўыннахырды таслап кетиўине жол қоймаған

керисине Темурдың парманы менен Даштың ең шебер тоқыўшылары, Халаптың белгили пахта ийириўши карханалары, Анкараның маўыты тоқыйтуғын карханалары, Трукияның ҳәм Грузияның зергерлери қуллуасы өнер-қәсип тараўында қайсы шәҳәрде қанша өнерментлер бар болса, ҳәммеси Самарқандқа көширип әкелген еди. Сол дәўирдеги шәҳәрде ҳәр қыйлы дин исенимлердеги адамлар жасар еди. Клавихоның мағлуматы бойынша Самарқандта 150 мыңнан асламырақ халық жасаған Шәҳәр ийелеген жер майданы Испанияның Шибилия (Сибилия) шәҳәринен кеңирек болған.

**3. Қубла Арал бойларындағы мәдений турмыс.**

Хорезм XIV әсирдиң 70-90 жыллары Темурдың қыйратыўшылық жүрислери бүлгиштиликти күшейтти. Темур жүрислеринен кейинги аўыр аўҳал Арал бойы елатларындағы мәденияттың раўажланыўының төменлеўинен көринеди. XIII-XIV әсир Арал бойы қалалары: Дженд, Уйгарак (Сырдәрья бойлары), Миздахқан, Жампық қала, Пулжай (Жезкемпир), Шахсанем (Ташаўз обл) тағы басқалар. XV әсирден баслап өмир сүриўи тоқтады. Олардың қарабаҳаналары ғана ана-санда өтетуғын жолаўшылар менен саўда карўанларының дыққатын аўдаратуғын еди. Араб-парсы жазба есерткишлер мағлуматында Хорезмниң пайтахты Темур жабыўылынан кейин аз да болса қайта тикленгенлигин ушыратаыз. Атап айтқанда Ҳижраның 793 жылы Султан Сақыпқыран өз әмирлериниң бири Мусакаға Ургенчтиң Каан деп аталған бир кварталын тиклеўди буйырды. Оның орны Гөне Ургенчте Ташқала аты менен бүгинги күнге дейин белгили. Археологиялық ғазыўлар бул жерде XIII-XIV әсир, XV-XVIII әсир, яғный Темурийлер, Шайбанийлер ҳәм соңғы өзбек ханлықлары дәўириниң қалдықларын ашты. Бул “Хирургиялық қата тиклеў“ Арал бойы қалалрының жаңадан гүллениўге алып келмеди. Себеби Европадағы уллы географийялық атылыўлар жаңа саўда жолларын пайда етти. Қурғақтан өтетуын саўда карўанлары Европа ҳәм Азия саўдагерлери Түсликке-Каспий, Жер Орта теңизи жағалаўларына тартты. Алтын Орда қалдыларынан пайда болған Астрахань (1459-1556), Ноғай ордалары (XIV-XV ә) Бурыңғыдай қәўип-қәтермиз саўда жоллары менен тәмийнлей алмады. Нәтийжеде Хорезм Оазиси ҳәм Түслик Арал бойларында мәдений раўажланыў тубалаўшылық дәўириниң басынан кеширди.

## Тема: Әмир Темур ҳәм Темурийлер мәмлекетинде илим, пән ҳәм билимлендириў

### 1. Әмир Темур дәўиринде илим ҳәм пәнниң раўажланыўы

Манғоллар ҳүкимдарлығы дәўиринде цивилизациядан әдеўир кейинде қалған Туркистан XIV әсирдиң орталарына келип сиясий пытыраңқылық тәсиринде арқада қалған еди.

Әмир Темурдың тахтқа шыққаннан кейинги дәслепки пәрманлары бул билимлендириў, илим-пәнди раўажландырыўға қаратылды. Оның пәрманына мўапық жоқары оқыў орынлары болған медреселер ҳәм олардағы оқыўшылардың материаллық аҳўал жақсыланып, степендияларды асырыў нәзерде тутылған. Бул ҳаққында Муъиниддин Натанзи былай деп жазады: "Фахирлар ҳәм илим толиплари напақалары ўақым мүлклери ҳәм медреселерге, ҳәр бириниң өз аҳўалына қарата ҳәм ўақым шәртине мўапық белгиленген. Ўақым жерлерге ҳәш қандай салық салынбаған Әмир Темур илим, данышпан кисилер менен тезде тил таўысып кететуғын".

Темур ҳәм Темурийлер дәўиринде көплеп медреселер, китапханалар, мектеплер қурылды. Оларда оқыў ҳәм оқытыў ушын дүньяның түрли тәреплеринен жетик алымлар шақырып алында ҳәм мирәт етилди. Маңғоллар дәўирине мәденияттан арқада қалған Туркистан Әмир Темур заманына келип және жанлана баслайды.

Самарқанд, Бухара, Шахрисабз, Хират қалаларының мәденият ҳәм илим орайына айланыў, бул жерлерде басқа жерлерден көре илим-пән менен шуғылланыў ушын қолайлы болғанлықтан сырт елли алымлар, шайырлар ҳәм творчество хызметкерлериниң бул жерге оқып келиўине себеп болған. Әмир Темур мәмлекет көлеминдеги ҳәм өзи ашқан мешит, медреселерде билим бериў мазмунының сапалы болыўына да үлкен кеўил аўдарған.

Мусылманларға диний мәселелерден тәлим берип, шарият дәстүрлери ҳәм ислам дини илимлери "тафсир (қуранға түсиндирме), ҳәдийс, фиқҳтин

сабақ берсин деп, ҳәр бир қалаға алымлар ҳәм медресе оқытыўшыларын таярладым“ деп жазған еди ол.

Сақыпқыран мектеп-медреселеринде тек диний сабақларды ғана емес, ал сол дәўирдеги жетилискен тәбий математикалық илимлерди оқытыў зәрүрлигине айрықша дыққат бөлген.

Академик И.Муминовтың жазғанындай “Темур илим пәнининң: математика, астономия. геометрия, архетиктура, жулдузшунос, әдебият, тарийх, музыка сияқлы тараўларды раўажландырыўға айрықша итибар берген“. Сақыпқыран мәмлекетте илим-билимди раўажландырыў ҳаққындағы ой-пикирлери күтә кең мәселелерди өз ишине жәмлеп, Теурийлер дәўирининң гүллениўинде Темур цивилизациясының орын алыўына тийкарғы дерек болған.

**2. Темур түзиклери**

Әмир Темур жаратқан “Тузухи Темурий“ (“Темур түзиклери“) “Малфузотий Темурий“ (“Темурдың айтқанлары“) және “Воқеотий Темурий“ (“Темурдың басынан кеширҳгенлери“) деген атлар менен мәлим болып таралған мийраслары тарийхый жақтан ғана емес, ал Философиялық, жәмийетлик-педогогикалық, экономикалық, ҳуқуқтаныўшылық, психологиялық урысыў илими жөниндеги ойлар тарийхы бойынша да айрықша әҳмийетке ийе. Оның “түзиклерин“ деги бай мәмлекетлик теорияларды, тәжирийбелерди әдалатлы жәмийет дүзиў пикирлерин, мәмлеукеттеги тәлим-тәрбия бойынша алып барған сиясатын өз дәўириндеги ҳәм соңғы ўақытлардағы дүнья жүзи патшалары өрнек, үлги алыў ушын нусқалар көширтип алып пайдаоанып отырған.

Саркарда қалдырған мийраслардағы жәмийетлик ой-пикирлердиң оғада баҳалы екенлигин, сондай-ақ ҳәзирги ўақытта излесип атрған гейпара қыйыншылықларды шешиўде ол дөреткен ақыл нәсият ҳәм тәжирийбелердиң пайдалылығын жақсы байқағагн президентимиз И.А.Каримов “Бизлер Әмир Темур заманын жаңадан үйрениўимиз лазым. Өйткени Әмир Темур түзиклерин оқысам, дәл ҳәзирги үлкен-үлкен машқалаларына жол тапқагндай боламан[э]“-деп жазған еди.

“Темур түзиклери“ниң бүгинге дейин жетип келген қол жазба ҳәм таспасма көширмелери Мир Абу Толип ал-Хусайний ат-Турбатий аўдармасы тийкарында жаратылған.

Темур түзиклери XVIII әсирден бери дүнья алымларының дыққат итибарын тартып келмекте. Мәселен, шығарманың текстиң, изертлеўлер ҳәм

керекли илимий түсиндирмелер менен 1783 жылда Англияда, 1785-ҳәм 1891 жылда Ҳиндистанда, 1868 жылы Иранда басылып шықты.

Шығарма дүнья тиллериниң бир нешеўине: Француз (1887), англичан (1830), урду (1845), урус (1894-1934) ҳәм ески өзбек (1835-1857, бирақ толық емес) тиллерине аўдарылып, баспадан шықты.

"Темур түзиклери"-патшалардың турмысы ҳәм әдеп-икрамлылығы ҳаққындағы шығарма. Шығарма еки бөлимнен ибарат. Биринши бөлиминде Әмир Темурдың жети жасынан (1342) өлимине шекемги өмири ҳәм социал-сиясий искерлиги әскерий атланыслары ҳаққында қысқа түрде мағлумат береди.

Екинши бөлиминде Сақыпқыранның атынан айтылған ҳәмде тәж-тахт мийрасхорларына аталған пәнд насихатлардан ибарат.

Онда мәмлекетти басқарыўда кимлерге сүйениў ҳәзир ҳәм әскер басларды сайлаў, әскерлердиң айлығы, мәмлекет басқарыў тәртиби, мәмлекетлик хызметкерлер ҳәм әскербасларың ўазыйпалары ҳәм басқа нәрселер ҳаққынд гәп барады. Амир Темур дәўири дереклери ҳаққында сөз барар екен, оның өзи тәрепинен жазылған бир мийнетке тоқталып өтемиз. Малфузоти Темурий ямаса Темур дәўири естеликлери қол жазба мийнетинде темурдың жети жасынан баслап өлимине шекемги болған турмысы баян етиледи. Соң қосымша сыпатында Темур түзиклери келтириледи. Түркий тилде қол жазбаның нусқасы қанша излениўлерге қарамастан, ҳәзирге шекем мәлим емес. Бизгеше жетип келген қол жазбаның негизин хорасанлық Абу Талиб ал-Хусайн Арабстан бойлап саяхат еткен дәўирде Йемен ҳәкими Жафар патша китапханасынан таўып алып, түркий тилден парсы тилине аўдарған. өзи аўдарма жасаған бул қол жазбаны ол 1047 жыллар аралығында Уллы Бабурийлардан Шах Жаханға инәм еткен. Шах Жаханның тапсырмасына бола сол жылдың өзинде қол жазба тексти Мухаммад Афзал Бухарий тәрепинен редакторланып, ондағы ўақыялар Амир Темур өлимине шекем яғный 1405 жылға шекем «Жулдызлары бахытлы рәўиште уйғынласқан адамның хикметли сөзлери» атамасында жеткерилген. Тийкарғы раўаятларға қарағанда «Түзиклер» Темурдың дийўанханасында жаратылып оның өзи редакторлап ямаса ҳеш болмағанда, оның сарайына жақын адамлар тәрепинен дүзилген. Және бир раўаятларға қарағанда «Түзиклер»ди Темур мырзаларға айтып турып жаздырған.

### 3. Әмир Темур жәмийетлик - философиялық көз қараслары

Әмир Темурдың дүньяға көз-қарасында теизм талийматына тән базы бир пикирлер ушырасады. Қудай дүньяны жаратыўшы ҳәм оны жалғыз өзи бийлеп басқарыўшы уллы қүдрет, ғайры тәбий күш деп ойлайды. Болмыстағы ўақыялардың әзелден тәғдирде белгиленип қойылатуғынлығына, тәбият ҳәм жәмийеттеги ҳәр қыйлы ҳәддислер қудайдың ықтыярына байланыслы жүзеге келетуғынлығына исеним менен қарады. Усылай болыўына қарамастан сәркарданың дүнья танымында теизм талийматының белгилери де орын алған. Ол дүньядағы барлық исти қудай көрип,

басшылық етип турыпты десе де, адам айлаўшылық уқыбы ҳәм ақылы менен өзиниң нийет еткен мақсетин әмелге асыра алатуғынлығын, инсанның талапшаңлығы, ақылы дүньяның ислерин билиўде, оны тәртипке салыўда зор мүмкиншиликлерге ийе екенлигин түсингенлиги сезиледи.

Әсиресе Әмир Темурдың дүньяға көз қарасында ең тийкарғы мазмунды ийелеген нәрсе-суфизм талийматы болды. Сақыпқранның дүньяға түсинигин сөз ете отырып профессор Г.Вамбери: “ол (Әмир Темур-ө.ә). Жас гезинде әкесиниң ҳәм руўханий иймамлардың исендириў тәсири менен турмысқа ислам ҳәм суфизм көз қарасына қараған еди.“ -деп мағлуматлар береди. Әмир Темурдың Туркистан (Яссий) қаласында қәбирине Самарқандтағы “Гур Амир“ махбарасынан он есе үлкен етип жобаластырған махбараны қурдырыўдың өзиде суфизм талийматына айрықша хызмет көрсеткенлигин аңлатады. Шынында да Әмир Темурдың дүньяға көз қарасында суфизм әсиресе оның тарийх атларының бири Нахшбандизм (Баҳаўаддинниң Нахшбандидиң (1318-1389) мағлуматы) айрықша орын алған. Саркарда дүнья түскинлигинде теизм ҳәм деизм талийматының айырым белгилериниң изениўлерине қарамастан, тийкарынан суфизмди, Нахшбандизм идеяларын қоллап-қуўатлады ҳәм бул талийматтың өзи басқарған мәмлекет аймағында жетилисиўине, ен жайыўына үлесин қосты. Мәмлекеттиң идеологиясы ислам динине, Нахшбандизм талийматы мазмунына байланыстырып тереңлестириўге ҳәрекет етти. “Тийрыў Камил Шаих Бахўаддин Нахшбандийдиң “аз же, аз уйықла, аз сөйле“ деген пәнди нәсиятларына илаж иследим. Мәмлекет басшыларына барлық жоқарға ҳәмелдарларға да айтатуғын гәпим усы болды: аз жең-ашаршылық көрмей, бай-дәўлетли жасайсызлар, аз уйықлаң-жетискенликке ерисесиз, аз сөйлесеңлер-дана боласыз“.

“Кеўлинди аллаға, қолынды мийнетке бағышла“. (“Дин ба ерў, даст ба кор“)-деп үйретиўши Нахшбандизм талийматында инсанлардың хадал мийнет ислеўине, өнер үйретиўине мийнетиниң жемисинен өзин бахытлы сезиўине көмеклестириў негизги мазмунда қурайтуғынлығы мәлим.

## Тема: Әмир Темурдың дүнья тарийхында тутқан роли ҳәм орны.

### 1. Әмир Темур ҳәм миллий мәдeният.

Өзбекистан Республикасы президенти И.Каримовтың пәрманы менен 1996 жыл Әмир Темур жылы деп дағазаланды. Уллы бабамыздың 660 жыллық мерекесин тек мәмлекетимизде ғана емес, ал бирлескен миллетлер шөлкеми көлеминде дүнья жүзи халықлары белгилеп өтпекте. Уллы Сақыпкран мийрасының ең бир әдиўлиси оның руўхый мәдениятын байытып, әлпешлеп раўажландырғанлығынандур.

Ҳәр ўақытта да руўхый мәдениятқа итибар берилсе, ол жәмийетте раўажланыўы жүз берери сөзсиз. Буғанбизиң бай тарийхымыздан көплеген мысаллар келтириўге болады. Соның ушын президентимиз И.А.Каримов: “Руўхый дүнья инсанның, халықтың, жәмийеттиң, мәмлекеттиң күши қүдрети. Дәслеп адамларға материаллық байлық бериў, оннан кейин руўхый дүнья ҳаққында ойлаў керек дейтуғынлар ҳақ болмаса керек. Халықтың руўхый дүньясын беккемлеў ҳәм раўажландырыў Өзбекистанда мәмлекет ҳәм жәмийеттиң ең әҳмийетли ўазыйпасыдур“ (И.А.Каримов “Истиқлол ва маънавият“ 20 бет, Ташкент, 1995 жыл) деп атап көрсетти. Преизентимиздиң усы мийнетиндеги пикир ҳәм көрсетпелерди улыўмаластырыў бизиңше миллий мәдениятымыз тийкарларын төмендегише көрип шыққан ҳәм үйренген мақул. Биринши инсаний қәдрияты, екинши ислам тәлийматы, үшинши Туркия үрип-әдети. Бул тийкарғы тарийхый өзек әлбетте Әмир Темур дәўириниң қат-қат алтын бетлерин оқып үйрениўде де бизге жәрдем береди, пикирлеримизге нур, ақыл-ойымызға зия таратады.

Әмир Темур өзиниң салтанатын көпшилик дағдарысқа түскен мәмлекет тийкарында қурса да сол халықлардың руўхый мәдениятын, үрип-әдетлерин дәстүрин жүзеге шығарыў ушын салдыҳәм ғамхорлық көрсетти. Солай етип Туркистан топырағында улыўма инсаний қәдриятларды тиклеп отырып миллий мәдениятты қәлиплестириўди мәхсет етти ҳәм сол мәхсетине еристи.

**2. Әмир Темур юбелейиниң дүнья жүзи көлеминде белгилениўи.**

ЮНЕСКО ның қарары менен Сақыпқыран юбелейи жер жүзи көлеминде нышанланды. Әмир Темур туўылған күниниң 660 жыллығына бағышланған илажлар дүньяның 50 ден артық елинде өткерилди. Трукия, Иран, Қырғызыстанда Конрад Аденауэр ҳәм халық аралық Әмир Темур қорының бирге ислесиўинде илимий әнжуманлар басып өтти.

ЮНЕСКО ның басламасы ҳәм басшылығында 1996 жыл апрель айында Парижде Әмир Темур туўылғанының 660 жыллығына бағышланған мәдeнийат ҳәптелиги болып өтти. Өзбекистан ҳүкимети атап айтқанда, президент Ислам Каримов ҳәм ЮНЕСКОның бас директоры Ф.Майор мырзалардың күш-жигери менен әмелге асырылған мәдeнийат ҳәптелиги елимизди Әмир

Темур тулғасында, ол қәўендерлик еткен мәдений, руўхый мийрас арқалы және бир рет дүньяға танытты.

ЮНЕСКО ның мәкән жайында “Темурийлер дәўиринде илим, мәдeният ҳәм билимлендириўдиң гүллеп жасаўы“ халық-аралық конференция ҳәм көргизбе шөлкемлестирилди. Өзбек көркем өнер шеберлери Париждеги “Одсон“ театры ҳәм ЮНЕСКО ның мәкән жайында үлкен концерт бағдарламаларын көрсетти. Париж ҳәм ЮНЕСКО дөгерегинде пүткил дүнья оны шексиз қанаатланыўшылық, алғыслар менен күтип алды. “Темурийлер дәўиринде илим, мәдeният ҳәм билимлендириўдиң гүллеп-жаснаўы“ темасындағы көргизбеге қойылған экспонатлар тамашагөйлерге өзбек халқының дөретиўшилиги, мәдений ҳәм руўхый мийрас, сүўретлеў көркем өнериниң үлгилери менен танысыў мүмкиншилигин берди.

Ислам Каримов гөргизбениң ашылыў салтанатында сөйлеген сөзинде Европа ҳәм Орта Азия мәмлекетлери Орта әсирлерде ақ өзиниң бирден бир географиялық сиясий мәкәнға қараслы екенлигин аңлағанын Әмир Темурдың тарийхый  хызмети ретинде баҳалады. “Усы мәдeният ҳәптелигиниң ашылыўы Әмир Темурдың сол хызметлерине дүнья халықларының ҳүрмети деп бий мәлеп айтыў мүмкин“. -деди президент. Арадан алты әсирден көбирек ўақыттың өтиўине қарамастан Әмир Темур идеялары елеге шекем ең әҳмийетли, өмир сүриўшилигине қалмақта. Буннан тысқары, бул идеялар бгинги дүнья еллери улыўма интеграцияны талап етип отырған бир ўақытта ЮНЕСКО ның да ең әҳмийетли мәқсетлериниң биринен есапланады.

**3. Европа театр сахналарында Әмир Темур образы.**

Темур дәўиринде Мавереннахр дүнья цивилизация орайына айланды. Өз дәўиринде-ақ ҳәм шығыс, ҳәм Батыста ол ҳаққында әжайып әмсаналар менен көркем дөретпелер пайда болды. Әсиресе уллы сақыпқыран Әмир Темур ҳаққында жазылған шығармалар Еврпоа мәдениятының ажыралмас бөлегине айланған. Гандель Гаспорини, Зианидиң опералары, Эдгар По, Саўндерс, Попр, Роу, Хранстофер Марлолардың драмалары Европа театр сахналарын ҳәзирге шекем безеп келиятыр. Бизге мәлим, тек ғана, француз әдебиятында уллы бабамыз өмири ҳәм тарийхый хызмети баян етилген ҳәр қыйлы дәўирде, ҳәр қыйлы жылларда жаңадан-жаңа прозалық шығармалар дөреген. Сахналық шығарманың устасы есапланған Жан Расинниң «Баязит» (1672жылы) пьесасы менен бахталас дөреген Жак Прадонның (1632-1698жыллары). «Әмир Темур яки Баязидтиң өлими» трагедиясы бул жанырдағы мийнетлердиң шамшырағы болып бүгинги күн де өз

тамашагөйлерине ийе болып келмекте. Ол тек Европа драматургиясының табысы ғана емес, дүнья мәденияты тарийхында бабамыз образын дөреткен әжайып шығарма. Жак Прадонның усы мийнети тийкарында белгили композиторлар Жарж Фредрик Ханды (1685-1759) Никола Портора (1686-1762), Антония Биральди (1676-1741) ҳәм Антон Мария Салчини (1734-1786) опералар жазды. Бабамыз Әмир Темурға бағышланған опералар ишинде Ж.Ф.Хандлидиң "Әмир Темур" шығармасы үш ҳәптеде жаратылғанлығы ҳәм өлмес мийрас болып қалғанлығы ҳәммесин таңландырады. Солай етип илаҳий күш қүдрет пенен 1724 жылы 3-23 июнь аралығында үш пердели опера дүнья келди. Хандлидиң бул операсының премьерасы 1724 жылы 31 октябрьде Уллы Британия королы театрында Лондонда болып өтеди. Арадан бир жыл өте-өтпес 1725 жылы опера Италбян тилинде (Гамбург) қойылады. Мине еки жүз жетпис жылдан бери опера табыслы түрде дүнья сахнасында атқарыфлып келмекте. Гете өзиниң "Фаус"ын Христофор Морлоның "Уллы Темур" шығармасынан тәсирленип жазғанлығыда уллы бабамыздың өлмес даңқына дерек береди. "Инсанның перзент, имарат яки бағ қалады. Сондай адамлар бар халықтан алады, алғанда да опырып алады, бирақ өзлерине ҳеш нәрсе қалдырмайды. Бундайлардың мийўесиз дарақдур деген. Талай адамлардың таңлайын қақтырып, кеўиллерге қозғаў салған, хафиз жырлаған Турк қызының жүзиндеги қалдай Әмир Темур да Трукистан үлкесине жарасқан әжайып иморатлар қурғызды". (Ахмедов Б. Әмир Темур-Т 1995-361бет). Ҳақыйқатында да Әмир Темур мәмлекетлик әҳмийетке ийе болған ҳәр бир қуўанышлы ўақыяны архитектуралық естелик салыў мене белгиленген.

## ӨЗ БЕТИНШЕ ИСЛЕЎГЕ БЕРИЛГЕН САБАҚЛАР ТҮРИ ҲӘМ МАЗМУНЫ

| № | Өз бетинше ислеўге берилген темалар | Саат |
|---|---|---|
| 1. | XIV әсир 50-60 – жылларында Мавераннахрда сиясий аўҳал | 2 |
| 2. | Темур тузуклери | 2 |
| 3. | Әмир Темур мәмлекети ҳәм Уллы жипек жолы | 2 |
| 4. | Әмир Темур геополитикасы ҳәм стратегиясы | 2 |
| 5. | Темур ҳәм темурийлер дәўиринде архитектура | 2 |
| 6. | Темур ҳәм темурийлер дәўиринде сыртқы саўда | 2 |
| 7. | Әмир Темур шебер дипломат | 2 |
| 8. | Темур ҳәм темурийлер дәўтринде қалалардың раўажланыўы | 2 |
| 9. | Испания елшиси Клавихо Темур ҳәм темурийлер ҳаққында | 2 |
| 10. | Әмир Темурдың дүнья тарийхында тутқан орны | 2 |
| 11. | XIV әсир екинши ярымында Қубла Арал бойлары | 2 |
| 12. | Әмир Темурдың Қубла Арал бойларына жүрислери | 2 |
| 13. | Қубла Арал бойы халықлары мәденияты | 2 |
| 14. | Әмир Темур ҳәм әмир Едиге | 2 |

| | | |
|---|---|---|
| **15.** | **Әмир Темур юбилейиниң ЮНЕСКО тәрепинен белгилениўи** | **2** |
| **Жәми** | | **30** |

## ӘДЕБИЯТЛАР


И.А.Каримов Амир Темур фахримиз ғururимиз Т.1996

1. Каримов И.А. Истиқлол ва маънавият Т., 'Ўзбекистон' 1994.
2. Каримов И.А. Амир темур давридаги бунедкорлик ва ҳамкорлик руҳи бизга булаверсин.Асарлар.4-жилд.Тошкент.Ўзбекистон,1996.
3. Каримов И.А. Амир Темур ҳақида сўз.Тошкент.Ўзбекистон,1996.
4. Темур тузуклари.Тошкент.Гафур Гулом номидаги нашриет,1991.
5. Низомиддин Шомий. Зафарнома.Тошкент.Ўзбекистон 1996.
6. Шарфуддин Али Яздий.Зафарнома.Тошкент.Камалак,1994.
7. Ахмедов Б.А. Амир Темур ривоят ва ҳақиқат.Тошкент.Қомуслар бош таҳририяти,1996.
8. Ахмедов Б.А. Амир Темурни ед этиб.Тошкент.Ўзбекистон,1996.
9. Ибн Арабшоҳ. Амир Темур тарихи.I-II ж.Тошкент.Меҳнат,1992.
10. Ҳерман Вамбери.Бухоро ехуд Мовароуннаҳр тарихи.Тошкент,1990.
11. Иванин М. Икки буюк саркарда.Чингизхон ва Амир Темур.Тошкент,1994.
12. Амир Темур ва темурийлар даврида маданият ва санъат.Тошкент.1996.
13. Мўминов И. Амир Темурнинг Ўрто Осие тарихида тутган урни ва роли.Тошкент. Фан,1993.
14. Пугаченкова Г. А. Темурнинг меъморий мероси.Тошкент,1996.
15. Бобоев Х.Амир Темур ва темурийлар даврида қонунчилик.Мулоқот,1996,3 сони.
16. Амир Темур Қубла Арал бойларында. "Қарақалпақстан Нөкис, 1997.
17. Әлеуов Ө. Әмир Темурдың жәмийетлик философиялық ҳәм тәлим-тәрбиялық ой пикирлери. Нөкис." Билим" 1997.
18. Мәмбетуллаев М.,Туребеков М., Қубла Арал бойы халықлары тарийхынан.Нөкис,1998.
19. Амир Темур Кўрагон.Зафар йўли.Тошкент.,"Нур",1992.
20. Амир Темур ўгитлари.Тошкент.,"Наврўз",1992.
21. Ўзбекистон тарихи (1 кисм) Т., Университет, 1997, 1999

22. Буриев О. Темурийлар даври ёзма манбаларида Марказий Осиё2001 –жыл
23. Авторлар жамоатида Амир Темур жаҳон тарихда1996
24. Азамат Зиё Ўзбек давлатчилиги тарихи т2000
25. Б.Ахмедов Ўзбекистон тарихи манбалари Т.2001
26. Ўзбекистон тарихи Т.2003, 2006 .